**ӨЗБЕКИСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ**

**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**

**Қол жазба ҳуқықында**
**УДК:**

**ҚӘЛИМБЕТОВ НЕСИП**

# Ўәкиллик ҳәкимияты уйымларының депутатлары ҳәм оның хызметин шөлкемлестириў мәселелери

**5А240101 – Мәмлекетлик ҳуқық ҳәм басқарыў (конституциялық ҳуқық; ҳәкимшилик ҳуқық ҳәм финанс ҳуқықы; мәмлекет ҳәм ҳуқық тәлийматы)**

**Магистр академиялық дәрежесин алыў алыў ушын жазылған**

**ДИССЕРТАЦИЯ**

МАК да жақлаўға рухсат
Магистратура бөлими баслығы

___________доц. А.Б.Гулимов

**Илимий басшы:** **ю.и.к. доц., З.А.Реймова**
**Кафедра баслығы ў.ў.а.** **ю.и.к.доц., И.Матжанов**

**Нөкис -2015**

# М А З М У Н Ы

**КИРИСИЎ………………………………………………………..……….3-9**

**I-БАП. Өзбекистан Республикасы Олий Мажлис Сенаты ҳәм депутатының ҳуқықый статусы………………………………………10-38**

1.1.Мәмлекетлик ҳәкимият ўәкиллик уйымларының ҳуқықый тийкарлары ҳәм системасы……………………………………………………………..…..10-14
1.2. Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси депутат ҳәм сенаторлардың ҳуқық ҳәм миннетлери…………………………………………………...………14-27
1.3.Депутаттың ҳәм сенатордың парламент сораўы менен муражаат етиў тәртиби ҳәм олар искерлигиниң тийкарғы кепилликлери…………………………...27-38

**II-БАП. Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси депутатларының жумысын шөлкемлестириў тәртибиниң ҳуқықый тийкарлары………………………………………………………...…39-59**

2.1.Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң конституциялық ўәкилликлери……………………………………………………….39-48
2.2.Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси депутатларының ҳуқықлары, миннетлери ҳәм жумысының тийкарғы кепилликлери………………………………………………………..48-59

**III-БАП. Халық депутатлары жергиликли Кеңеслерин шөлкемлестириў тәртиби ҳәм хызметиниң ҳуқықый тийкарлары**.........................................................................................60-73

3.1.Халық депутатлары жергиликли кеңеслерин шөлкемлестириў тәртиби, қурамы, жумыс формасы.................................................................60-66
3.2. Халық депутатлари Кеңеслери депутатларының ҳуқықый статусы..........................................................................................66-73

Жуўмақлаў........................................................................................73-77
Пайдаланылған әдебиятлар дизими.........................................................78-83

# К И Р И С И Ў

**Теманың актуаллығы**. Мәмлекетимизде еки палаталы парламентти қәлиплестриў мәмлекет қурлысы тараўында алып барып атырған реформалардың даўамы болып, ол демократиялық процесслерди тереңлестириў, халық ҳәкимиятының әмелде бөлиниўин тәмийинлеўди нәзерде тутады. Ҳуқықый мәмлекетти ҳәм пуқаралық жәмийетти қурыў көплеп машқалаларды сапластырыў менен бирге байланыслы болған беккем болған ҳәм даўамлы процесс. Мәмлекетте ўәкиллик ҳәкимият уйымлары ҳәр қандай мәмлекеттиң раўажланыўында үлкен әҳмийетке ийе болғаны ушын оның хызметин, сондай-ақ сол уйымлар депутатлары ҳәм сенаторлардың жумысларын жетилистириўге айрықша итибар берилмекте.

Өзбекистан Республикасының ўәкиллик уйымларын үш бууынға бөлип қараўымыз мүмкин. Булар биринши бууын Олий Мажлис палаталары; екинши бууын Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси; үшиниши бууын халық депутатлары ўәлаят, район ҳәм қала Кеңеслеринен ибарат.

Мәмлекетимизде еки палаталы парламенттиң пайда болыўының тийкарғы мақсетлеринен бири бул парламент өз ўәкилликлерин сапалы әмелге асырыў, ҳәр тәреплеме тийкарлы ҳәм пухта қарарлар қабыл етиў ушын зәрүр болған тең салмақлық ҳәм шеклеўлер системасын жаратыў, Нызамшылық платасы өз хызметин турақлы профессиональ түрде жумыс ислеўи нәзерде тутылған, парламенттиң нызам дөретиўшилиги барысында оның искерлигин асырыўдан ибарат еди. Ал бул әмелге асырыўда Нызамшылық палатасы депутатларының, Сенат ағзаларының, жергиликли ўәкиллик Кеңеслери депутатларының белсендилиги, олардың ҳуқықларының қай дәрежеде кепилленгенлиги, қол қатылмаслығының тәмийинлениўи сыяқлы мәселелер әҳмийетли фактор болып есапланады.

Ал буны әмелге асырыўда Нызамшылық палатасы депутатларының, Сенат ағзаларының, жергиликли ўәкиллик Кеңеслери депутатларының

белсендилиги, олардың ҳуқықларының қай дәрежеде кепилленгенлиги, қол қатылмаслығының тәмийинлениўи сыяқлы мәселелер әҳмийетли фактор болып есапланады.

Өзбекистан Республикасы Президенти Ислом Каримовтың 2010 жыл 12 ноябрдеги "Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды жәнеде тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы"атамасындағы баянатында "...Елимизде көп партиялық системаның барған сайын беккемлениўи мәмлекетлик ҳәкимияттың үш субъекти, яғный мәмлекет баслығы болған Президент, нызам шығарыўшы ҳәм атқарыўшы ҳәкимиятлар арасында ўәкилликлердиң жәнеде теңдей бөлистирилиўин тәмийинлеў ушын зәрүр болған ис-илажлар жүзеге келмекте"[1] деп көрсетеди.

Өзбекистан Республикасы Президенти И.А.Каримов Олий Мажлис Нызамшылық палатасының 2005 жыл 27 январь күниндеги биринши мәжлисинде сөйлеген баянатында: "Депутат – бул ғәрезсиз пикирлейтуғын инсан. Ол қайсы партия ағзасы болмасын, ең алды менен халық алдында жуўапкер болады. Соның ушын сол халық мәплери жолында идеялар, көз-қараслар ҳәм пикирлердиң ҳәр түрли болғаны жақсы"лығын билдиреди[2].

Республикамызда әмелге асырып атырған бир қатар алға илгерлеўине қарамастан депутатлардың статусын белгилеўде, олардың өз ҳуқықларын әмелге асырыў ҳәм өз миннетлемелерин орынлаў, олардың қол қатылмаслығы барысында бир қатар машқалалар бар. Солар қатарынан ҳәзирги күнге шекем хызмет көрсетип атырған депутатлардың, сенаторлардың өз ўазыйпаларын лазым дәрежеде орынламаўы, олар нызам менен кепилленген өз ҳуқықларынан жетерли дәрежеде пайдалана алмай атырғанлығы сыяқлы мәселелерди көрсетиў мүмкин.

[1] Каримов И.А. Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик палатаси ва Сенатининг 2010 йил 12 ноябр кўшма мажлисидаги «Мамлакатимизда демократик ислоҳотларни янада чукурлаштириш ва фукаролик жамиятини ривожлантириш концепцияси» маърузаси. Халқ сўзи. 13 ноябр

[2] Каримов И.А. Бизнинг бош максадимиз - жамиятни демократлаштириш ва янгилаш, мамлакатни модернизация ва ислоҳ этишдир. Тошкент: «Ўзбекистон» нашриёт-матбаа ижодий уйи, 2005 й, 9-10-бетлар.

Өзбекистан Республикасы Президенти И.А.Каримовтың айтқанындай: Олий Мажлис – парламентаризмде ҳәм жергиликли ўәкиллик уйымларда фракциялар яки айрым депутатлар ортасында турақлы пикирлер қарама-қарсылығы, бәсекелер болыўы керек, мине усы жерде сиясий партиялардың дәстүрий мақсетлери, мәплери көрсетилип, депутатлар өз пикирлерин күшли бәсекениң тийкарында көрсетиўи әҳмийетке ийе[1]– деген еди. Соның менен бирге усы баянатта бүгинги күнде фракциялар ҳәм депутатлардың мәмлекетимиз ушын зәрүр болған нызамларды ислеп шығыўда басламалық көрсетиў ҳәм оларды қабыл етиў бойынша искерлигин принципиаллық жағынан қайта көрип шығыў кереклигин билдиреди. Депутатлар искерлигин жәнеде белсенди ҳәм мазмунлы болыўы, өз сиясий партиялары ҳәм олардың электораты мәплери ҳәм көрсетпелерин есапқа алған ҳалда жолға қойылыўы лазымлығын билдирди.

2014 жыл 16 апрелдеги Өзбекистан Республикасы Конституциясының 78-статьясы, 21-бәнтине киргизилген өзгерис “усы Конституцияда нәзерде тутылған парламентлик қадағалаў ҳәм басқа ўәкилликлерди әмелге асырады” деген усы норма, ҳәкимиятлардың бөлистириў принципин енгизиў, олар арасында тең салмақлықты тәмийинлеў, нызам үстинлигине ерисиўде беккемлеўши ҳуқықый тийкар. Бул норма тек Конституцияның 78-статьясына ғана емес, ал Тийкарғы Нызамымызда белгиленген парламент қадағалаўына тийисли басқа ўәкилликлерди әмелге асырыўын нәзерде тутады.

Республикамызда әмелге асырылып атырған реформаларға қарамастан депутатлардың статусын белгилеўде, олардың өз ҳуқықларын ҳәм ўазыйпаларын орынлаўда, олардың қол қатылмаслығы барысында бир қатар машқалалар бар. Соннан ҳәзирги күнге шекем хызмет көрсеткен

---

[1] И.А.Каримов Ўзбекистон Республикасы Олий Мажлиси Қонунчилик палатаси ва Сенатининг қўшма мажлисидаги маъруза. Т.: “Ўзбекистон”, 2015-йил, 15-Б.

депутатлардың өз ўазыйпаларын лазым дәрежеде орынламаслығы, олар нызам менен кепилленген өз ҳуқықларынан жетерли пайдалана ала алмаслықлары сыяқлы машқалаларды көрсетиў мүмкин.

**Изертлеўдиң объекти ҳәм предмети**. Өзбекистан Республикасы ўәкиллик уйымлары депутатларының, сенаторларының ҳуқықый статусы, ўәкилликлери, ҳуқықлары, ўазыйпалары ҳәм олардың искерлигине тийисли ҳуқықый басқа мәселелерди талықлаўдан ибарат.

**Изертлеўдиң мақсет ҳәм ўазыйпалары**. Өзбекистан Республикасы мәмлекетлик ҳәкимият ўәкиллик уйымлары депутатларының, сенаторларының орны ҳәм мазмуны, олардың ҳуқықый статусы, ҳуқықлары ҳәм ўазыйпаларын әмелге асырыўда, қол қатылмаслықты тәмийинлеўде бар болған машқалаларды, олардың жумысын тәртипке салыў барысында пайда болған қатнасықлар менен әмелдеги норматив ҳүжжетлердиң муўапықлығын үйренип, соның нәтийжесинде келип шығыўы мүмкин болған машқалаларды ашып бериў ҳәм оларды шешиў бойынша усынıслар ҳәм жуўмақларды ислеп шығыўдан ибарат.

**Изертлеўдиң илимий жаңалығы** соннан ибарат, мәмлекетимизде ўәкилликли ҳәкимият уйымлары депутатлары, Сенаторлары искерлигин тәртипке салыўға қаратылған жаңа нызамлар, ҳуқықый актлердиң қабыл етилиўи ҳәм мазмунын жаңадан талықлаўды талап етеди. Булардың ҳәммеси теориялық ҳәм әмелий усыныслар ислеп шығыўды және де әмелиятта қолланылыўын талап етеди. Олардың айрымлары диссертация жумысында көрсетилген:

- Өзбекистан Республикасы Конституциясы, нызам ҳүжжетлерине муўапық Нызамшылық палатасы депутаты ҳәм Сенат ағзаларының ҳуқықый статусы үйренилди;

- Қарақалпақстан Республикасы Конституциясы, нызам ҳүжжетлерине муўапық Жоқарғы Кеңес депутатлары, халық депутатлары

районлық, қалалық Кеңеслери депутатларының ҳуқықый статусы үйренилди;

- парламентар реформалар тараўында ҳәкимияттың бөлиниўи тийкарында депутатлардың ҳуқық, ўазыйпалары, олардың қол қатылмаслығын тәмийинлеў, олардың өз искерлигин әмелге асырыўда зәрүр болған шараятлар жаратылыўы керек екенлиги дәллеп берилди;

- Қонунчилик палатаси депутатларининг Қонун ва бошқа меъёрий ҳужжатларда аниқланган ваколатлари умумий таҳлил қилинди ва уларга таҳлил, шарҳлар берилди, уларнинг амалий қўлланиш натижаларига баҳо берилди;

- нызамлар қабыл етиўде ҳәм парламент қадағалаўын әмелге асырыўда депутатлардың орны ҳәм роли ашып берилди.

**Изертлеўдиң тийкарғы мәселелери ҳәм гипотезасы.** Ўәкилликли ҳәкимият уйымлары депутатларының, сенаторларының искерлигин шөлкемлестириўдиң ҳуқықый тийкарлары менен байланыслы ҳуқықый мәселелери, олар жумысының тийкарғы принциплерин үйрениў, шөлкемлестириўшилик-ҳуқықый тийкарларын талықлаў сыяқлы мәселелерди талықлаўдан ибарат.

**Машқаланың үйренилгенлик дәрежеси**. Изертлеў жумысының теориялық-методологиялық ҳәм концептуаллық тәреплери Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримов мийнетлеринде ҳәр тәреплеме ҳәм системалы жарытып берилген.

Мәмлекетлик ҳәкимият ўәкилликли уйымлардың депутатлары, сенаторларының статусы ҳәм олар жумысын жетилистириў менен байланыслы мәселелер М.В.Баглай, Стрекозов В.Г., Казанчев Ю.Д., каби хориж олимлари, А.А.Азизхўжаев, З.М.Исломов, И.А.Хамедов, А.С.Турсунов, Ф.Х.Раҳимов, Ҳ.Т.Одилқориев, С.А.Аббосхўжаев, О.Ҳусанов, Р.Қаюмов, А.Тўлаганов, Х.А.Алимов, И.Т.Тультеев,

С.Д.Ниетуллаев, Е.Д.Кутыбаева, З.А.Реймовалар[1] сыяқлы ҳәм басқа алымлар тәрепинен алып барылған илмий изленислеринде белгили дәрежеде үйренилген.

**Изертлеўдиң методлары**. Изертлеўди әмелге асырыўда системалылық, машқалалы-мақсетли, салыстырмалы-ҳуқықый, әмелият нәтийжелерин улыўмаластырып илимий билиўдиң басқа усылларынан пайдаланылды.

Изертлеўдиң теориялық тийкарларын Өзбекистан Республикасы Президенти И.А.Каримовтың ҳуқықый демократиялық мәмлекет қурыў ҳәм пуқаралық жәмийетин қәлиплестириўде мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкиллик уйымларын жетилистириўге тийисли пикирлери, көрсетпелери, пәрманлары, соның менен бирге усы диссертацияның ҳәр қыйлы тәреплери бойынша изленислер алып барып атырған мәмлекетимиз ҳәм сырт елли алымлардың мийнетлери қурайды.

Диссертацияны жазыўда мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкиллик уйымларына байланыслы нызамлар, әдебиятлар ҳәм қосымша әдебиятлардан пайдаланылды.

**Изертлеў нәтийжелериниң теориялық ҳәм әмелий әҳмийети.** Изертлеў жумысында ўәкилликли ҳәкимият уйымлары депутатлар, сенаторлар статусының демократиялық ҳуқықый мәмлекет ҳәм пуқаралық жәмийетти қурыўдағы оның шексиз әҳмийети илимий ҳәм теориялық жақтан тийкарланады. Илимий изертлеў жумысындағы мағлыўматлардан

---

[1] Баглай М.В. Конституционное право Российской Федерации. Учебник для юридических вузов и факультетов – М.: Издательская группа НОРМА – ИНФРА .М, 1998. – 752 с. Стрекозов В.Г., Казанчев Ю.Д. Конституционное право России: Учебник. – М.: Новый юрист, 1997. – 288 с. Ўзбекистон Республикасининг конституциясига шарҳ / А.А.Азизхўжаев таҳрир остида. Тошкент: ЎзР Адлия вазирлиги, ТДЮИ, 2008. – 496 б. Хусанов О.Т. Ўзбекистон Республикасининг давлат ҳокимияти вакиллик ва ижроия ҳокимияти органлари, -Т., Университет, 1994. Қаюмов Р.Қ. Ўзбекистон Республикасининг конституциявий ҳуқуқи. Дарслик. – Т.: ИИВ Академияси, 1997.– 400 б. Таджихонов У. ва бошқалар. Ўзбекистон Республикасининг Конституциявий ҳуқуқи. Дарслик.Т.: Шарқ.-532 б. Беков И.Р. Парламент ҳуқуқи**:** Ўқув-услубий қўлланма –Т.: ТДЮИ нашриёти, 2010. –273 б. Хусанов О.Т. Конституциявий ҳуқуқ. Дарслик. Тошкент: Адолат, 2013.- Б.548., Тультеев И.Т. Правовой статус депутата // Ҳуқуқ. 3-сон, 2001, Тультеев И.Т. Правовой статус депутата. // Ҳуқуқ, 2001, №3, С.24-25, Турсунов А.С. Сайловларда иштирок этиш ва сайловолди ташвиқот маданияти. Ўзбекистон Республикаси Марказий сайлов комиссияси Ахборотномаси. 4 (10) – сон, 2004.Турсунов А.С. Хориж парламентлари тажрибаси // Жамият ва бошқарув. 2– сон, 2002. С.Д.Ниетуллаев. Қарақалпақстан Республикасының Конституциялық ҳуқықы. Н.: «Қарақалпақстан» , 2005 йил. Е.Д.Кутыбаева, З.А.Реймова Қарақалпақстан Республикасы Конституциялық ҳуқықы. Н.: "Қарақалпақстан", 2013-жыл.

“Конституциялық ҳуқық”, “Парламент ҳуқықы” пәнлеринен лекция ҳәм семинар сабақларында, сәўбетлесиўлерде жәнеде конференцияларда пайдаланыў мүмкин.

**Магистрлик диссертацияның дүзилиси ҳәм сыпатламасы.** Диссертация кирисиў, жети параграфты өз ишине алған үш бап, жуўмақлаў ҳәм пайдаланылған әдебиятлар дизиминен ибарат.

Диссертацияның биринши бабы Өзбекистан Республикасы Олий Мажлис Сенаты ҳәм депутатының ҳуқықый статусы деп аталады. Бул бапта мәмлекетлик ҳәкимият ўәкиллик уйымларының ҳуқықый тийкарлары, системасы, Олий Мажлиси депутат ҳәм сенаторлардың ҳуқық ҳәм миннетлери, олардың парламент  сораўы менен муражаат етиў тәртиби, олар искерлигиниң тийкарғы кепилликлери, сондай-ақ оларды шақырып алыў тәртиби үйренилген.

Диссертацияның екинши бабы Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси депутатларының жумысын шөлкемлестириў тәртибиниң ҳуқықый тийкарларына арналған. Бул бапта Жоқарғы Кеңестиң конституциялық ўәкилликлери, Жоқарғы Кеңеси депутатларының ҳуқықлары, миннетлери, жумысының тийкарғы кепилликлери тәртиби анализленген.

Диссертацияның үшинши бабы халық депутатлары жергиликли Кеңеслерин шөлкемлестириў тәртиби ҳәм хызметиниң ҳуқықый тийкарлары үйренилген. Бул бапта халық депутатлары жергиликли кеңеслерин шөлкемлестириў тәртиби, қурамы, жумыс формасы, депутатлардың ҳуқықый статусы илимий жақтан изертленген.

Жуўмақлаў бөлиминде усы изертленген илимий жумыс бойынша бир қанша усынıслар берилген.

# I-БАП. Өзбекистан Республикасы Олий Мажлис Сенаты ҳәм депутатының ҳуқықый статусы

## 1.1. Мәмлекетлик ҳәкимият ўәкиллик уйымларының ҳуқықый тийкарлары ҳәм системасы.

Мәмлекетлик ҳәкимият ўәкиллик уйымлары хызметиниң ҳуқықый тийкарлары олар искерлигиниң кепили болып хызмет етеди. Өзбекистан Республикасы өзиниң ғәрезсизликке, ал Қарақалпақстан Республикасы суверенитетке ерисиўи менен мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкиллик уйымлары системасындағы уйымлар ҳәм олар жумысының ҳуқықый тийкарлары пайда болды.

Мәмлекетлик ҳәкимият ўәкиллик уйымлары хызмети бир қатар ҳуқықый ҳүжжетлер менен тәртипке салынады. Соннан, Өзбекистан Республикасы Конституциясы[1]; Қарақалпақстан Республикасы Конституциясы[2]; "Референдум жуўмақлары жәнеде мәмлекетлик ҳәкимиятты шөлкемлестириўдиң тийкарғы принциплери ҳаққында"ғы[3] Өзбекистан Республикасы Конституциялық нызамы; "Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси Сенаты ҳаққында"ғы[4] Өзбекистан Республикасы Конституциялық нызамы; "Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасының Регламенти ҳаққында"ғы[5] Өзбекистан Республикасы нызамы; "Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳаққында"ғы[6] Өзбекистан Республикасы Конституциялық нызамы; "Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси

---

[1] Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси. Т.: «Ўзбекистон», 2014 йил.
[2] Қарақалпақстан Республикасының Конституциясы, «Қарақалпақстан», 2014-жыл.
[3] Ўзбекистон Республикаси "Референдум якунлари ҳамда мәмлекет ҳокимияти ташкил этилишининг асосий принциплари тўғрисида" қонуни// Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Ахборотномаси. 2002.- № 4-5.- 60-модда.
[4] Ўзбекистон Республикаси "Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Сенати тўғрисида"ги Конституциявий қонуни// Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Ахборотномаси. 2002.- № 12.- 213-модда.
[5] Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик палатасининг регламенти тўғрисида"ги Ўзбекистон Республикаси 29.08.2003 й. 522-II-сон Қонуни билан тасдиқланган. // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлис Ахборотномаси 2003 й. 9-10-сон, 136-модда
[6] Ўзбекистон Республикаси "Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Қонунчилик палатаси тўғрисида"ги Конституциявий қонуни// Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Ахборотномаси. 2002.- № 12. -215-модда.

Сенатының Регламенти ҳаққында”ғы[1] Өзбекистан Республикасы нызамы; “Өзбекистан Республикасы Олий Мажлисине сайлаў ҳаққында"ғы[2] Өзбекистан Республикасы нызамы; Қарақалпақстан Республикасының «Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесине сайлаў ҳаққында»ғы[3]; «Халық депутатларының районлық ҳәм қалалық кеңеслерине сайлаў ҳаққында»ғы[4]; «Қарақалпақстан Республикасының орайлық сайлаў комиссиясы ҳаққында»ғы[5]; «Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси ҳаққында»ғы[6]; «Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Регламенти ҳаққында»ғы[7]; «Халық депутатлары район, қала Кеңес депутатының ҳуқықый статусы ҳаққында»ғы[8] нызамлары ҳәм тағы басқа ҳуқықый ҳүжжетлер.

Бул бойынша Өзбекистан ҳәм Қарақалпақстан Республикасының Конституциялары үлкен әҳмийетке ийе. Онда республиканың мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкиллик уйымлары системасы Конституцияда белгиленген, ал олардың ишки қурамалы бөлимлери болса олар ҳаққындағы айрықша норматив-ҳуқықый ҳүжжетлерде белгиленген.

Өзбекистан Республикасы Конституциясында мәмлекетлик ҳәкимият ўәкиллик уйымларының, олардың функция ҳәм ўәкилликлерин әмелге асырыўдағы депутатлардың, пуқаралардың тутқан орны ҳәм роли тәртипке салынса, ал басқа ҳуқықый ҳүжжетлер менен халық депутатлары хызметиниң тийкарғы шөлкемлестириўшилик формасы ҳәм усылларыда тәртипке

---

[1] Ўзбекистон Республикаси “Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Сенатининг Регламенти тўғрисида” қонуни// Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Ахборотномаси. 2003.- № 9-10.- 137-модда.

[2] Ўзбекистон Республикаси “Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисига сайлов тўғрисида” ги қонуни (янги таҳрирда)// Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Ахборотномаси. 2003.- № 9-10.- 132-модда.

[3] Қарақалпақстан Республикасының «Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесине сайлаў ҳаққында»ғы (жаңа редакцияда)Нызамы, 29.05.2004-жыл 262/II санлы ҚР нызамы менен тастыйықланған.

[4] Қарақалпақстан Республикасының «Халық депутатларының районлық ҳәм қалалық кеңеслерине сайлаў ҳаққында»ғы (жаңа редакция) Нызамы, 29.05.2004-жыл 266/II санлы ҚР нызамы менен тастыйықланған.

[5] Қарақалпақстан Республикасының «Қарақалпақстан Республикасының орайлық сайлаў комиссиясы ҳаққында»ғы Нызамы, 09.06.1998-жыл 362/I санлы ҚР нызамы менен тастыйықланған.

[6] «Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси ҳаққында» Қарақалпақстан Республикасының (жаңа редакцияда)Нызамы. 1998-жыл, 29-январь. №322/1

[7] Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң «Хабарнамасы» №4, 2006-жыл, 139-б.

[8] «Халық депутатлары районлық, қалалық кеңеси депутатының статусы ҳаққында»ғы Каракалпақстан Республикасы нызамы. 2005-жыл, 14-май.

салынады. Мине усы жоқарыдағылардан көринип турыпты, халық депутатлары хызметин ҳуқықый тәртипке салыў беккем процесс болып табылады. Ҳәзирги ўақытта ҳуқықый нормалар менен бир қатарда басқа социаллық нормаларданда пайдаланыў нәзерде тутылмақта.

Өзбекистан Республикасының Конституциясына муўапық мәмлекетлик ҳәкимият ўәкиллик уйымлары хызметин ҳуқықый тәртипке салыўда Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси палаталары жүдә кең ўәкилликлерге ийе. Өзбекистан Республикасы Конституциясының 78-статьясы 5-пунктине муўапық: Олий Мажлис палаталары Өзбекистан Республикасының нызам шығарыўшы, атқарыўшы ҳәм суд ҳәкимиятлары системасын ҳәм ўәкилликлерин белгилейди.

Өзбекистан Республикасы ғәрезсизлик жыллары даўамында улыўма инсаныйлық қәдириятлар ҳәм миллий дәстүрлеримиз бенен суўғарылған өзине тән раўажланыў жолын анықлап алды. Соның тийкарында мәмлекетлик-ҳуқықый әмелиятта дүнья жүзи парламентаризмниң бай тәжрийбесинен дурыс пайдаланып, республика конституциялық системада халық ҳәкимиятшылығы, ҳәкимиятлардың бөлиниў принциплерине тән болған мәмлекетлик уйымлар системасын пайда етти.

Өзбекистан Республикасында ўәкиллик уйымлар системасына төмендегилер киреди:

Өзбекистан Республикасының Олий Мажлиси жоқары мәмлекетлик ўәкиллик уйымы болып, нызам шығарыўшы ҳәкимиятты әмелге асырады[1].

Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси еки палатадан – Нызамшылық палатасы (төменги палата) ҳәм Сенаттан (жоқары палата) ибарат. 2005 жыл январь айынан баслап мәмлекетимизде еки палаталы парламент хызмет көрсетпекте.

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси – Қарақалпақстан

---

[1] Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси, Т.: "Ўзбекистон", 2014-йил, 24-б.

Республикасындағы барлық мәмлекетлик аппараттың бирдейлиги ҳәм турақлылығы тийкары болып, ол мәмлекеттиң басқа басқа уйымларын сайлайды, яки оны дүзиўде қатнасады, олар хызмети үстинен қадағалаўды алып барады. Сондай-ақ Қарақалпақстан Республикаси Жоқарғы Кеңеси мәмлекетлик ҳәкимияттың жоқарғы ўәкилликли уйымы сыпатында Қарақалпақстанннның ықтыярына берилген барлық мәселелерди шешиў ҳуқықына ийе. Қарақалпақстан Республикасы Конституциясының 68-статьясына муўапық: “Нызам шығарыў ҳәкимиятын әмелге асыратуғын Қарақалпақстан Республикасының Жоқарғы Кеңеси жоқары мәмлекетлик ҳәкимият уйымы болып табылады”[1] - делинген.

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси ўәкилликлерине республика Конституциясын қабыл етиў, оған өзгерислер, қосымшалар киргизиў; нызамлар қабыл етиў, оған қосымшалар, өзгерислер киргизиў; ҳәкимшилик-аймақлық дүзилис мәселелерин нызам жолы менен тартипке салыў; экономикалық социаллық раўажланыўдың мәмлекетлик стратегиялық дәстүрлерин қабыл етиў; мәмлекетлик ўәкиллик ҳәкимият уйымларына сайлаўды шөлкемлестириў; мәмлекетлик сыйлықларды белгилеў ҳәм Тийкарғы Нызамда көрсетилген басқа да ўәкилликлерди әмелге асырады.

Халық депутатлары ўәлаят, район, қала Кеңеслери – Өзбекистан Республикасы Конституциясының 99–статьясына муўапық[2]: Ўәлаятлар, районлар ҳәм калаларда (районлық бағыныўдағы қалаларда, сондай-ақ қала курамына кириўши районлардан тысқары) ҳәкимлер тәрепинен басшылық ететуғын халық депутатлары Кеңеслери ҳәкимияттың ўәкилликли уйымлары болып, олар мәмлекет ҳәм пуқаралардың мәплерине тийкарлана отырып, өз ўәкиллигине тийисли мәселелерди шешеди -

[1] Қарақалпақстан Республикасының Конституциясы. Н.: “Қарақалпақстан”, 2014-жыл, 22-Б.
[2] Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси, Т.: “Ўзбекистон”, 2014-йил, 55-б.

делинген. Жергиликли ўәкиллик уйымлары өз хызметин жәмәәтлик тийкарда әмелге асырады.

Ҳәкимиятлар бөлистирилиўи тәлийматында нызам шығарыўшы ҳәкимият айрықша орын тутады. Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси мәмлекеттиң басқа уйымлары мене бире ислесиў мене бире, низам шығарыўшы ҳәкимиятты әмелге асырады.

## 1.2. Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси депутат ҳәм сенаторлардың ҳуқық ҳәм миннетлери

Өзбекистан ғәрезсизликке ерискеннен соң қысқа дәўир ишинде Өзбекистанда парламент ўәкилликлерин жетилистириўге қаратылған, депутатлар ҳуқықлары, ўазыйпалары және ўәкилликлерин толтыратуғын бир қатар ҳуқықый ҳүжжетлер қабыл етилди.

Соннан, бул реформалар:

бириншиден, нызамшылық хызметиниң сапалылығын асырыў;

екиншиден, парламент қадағалаў ўазыйпаларын кеңейтириў ҳәм күшейтириў;

үшиншиден, парламент хызметинде регионлар ролин күшейтириў;

төртиншиден, парламенттиң ислеўи ушын кепилликлер системасын пайда етиў;

бесиншиден, депутатлардың профессионал сыпатларын ҳәм улыўма парламентаризм мәдениятын раўажландырыўға қаратылған еди.

Олий Мажлис тәрепинен 2010-жылдың ноябрь айында қабыл етилген Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы, бизиң ертеңги күнимизди белгилеп беретуғын ҳәм сиясий, ҳәм экономикалық реформаларымыздың Стратегиялық дәстүрине айланды.

Концепция тийкарында бүгинги күнге шекем қабыл етилген 27 нызам, оларды кең көлемде талықлаў ҳәм қабыл етил процесиниң өзи

мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыўды демократияластырыў ҳәм еркинлестириў, суд ҳәкимияты ғәрезсизлигин, сөз ҳәм мәлимлеме және де сайлаў еркинлигин тәмийинлеў, сайлаў системасы ҳәм пуқаралық институтларын раўажландырыўда алкен үлес қосты.

Мәмлекетлик ҳәкимият системасында Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси ҳәм орынлардағы ўәкиллик уйымларының ролин сезилерли рәўиште асырыў, ҳүкимет, атқарыўшы ҳәкимият уйымларының ғәрезсизлиги ҳәм ўәкилликлерин кеңейтириў ҳәм ҳәзирги ўақытта қабыл етилген нызамлардың орынланыўы ҳәм тәсиршеңлигин және де күшейтириўге имканият жаратты[1].

Олий Мажлис Нызамшылық палатасы депутатының ҳуқықый статустының тийкарғы характерли тәреплерин анықлаўдан алдын, депутат-парламентарлық ямаса өзиниң сайлаўшыларының яғный оның талабының алға илгерлеткен шөлкемниң ўәкилине деген сораўдың шешимин табыў тийис. Бул сораўға анық жуўап бериў ушын депутатлық мандатының тәбиятын ашыў лазым.

Сондай-ақ бул сораўдың жуўабы депуттатың ҳуқықый статустының мазмуны, оның ўазыйпалары ҳәм функциялары, мәмлекет хызметшилери системасында тутқан орнын анықлаў менен үзликсиз байланыста болып табылады. Суверенитетти француз ойлап табыўшысы Жан Жак Руссо сыяқлы түсиниўшилер халық суверенитетин бөлистирип депутатқа инам етип болмайды, оған тек ҳәкимият ўәкилликлери бериў мүмкин дейди. Ж.Ж. Руссоның өзи сондай жуўмақ қылған: «Халық депутатлары халықтың тиккелей ўәкили бола алмайды, олар тек оннан ўәкиллик алған адамлар болып табылады»[2]. Халық депутатларына ҳәкимият ўәкилликлерин инам етеди, депутатлар болса нызам қабыл етиў арқалы халықтың улыўма еркине муўапық ҳәрекет етеди.

---

[1] И.А.Каримов Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик палатаси ва Сенатининг қўшма мажлисидаги маъруза. Т.: “Ўзбекистон”, 2015-йил, 15-Б.

[2] У.Таджиханов, Х.Одилқориев, А.Саидов., Ўзбекистон Республикасининг Конституциявий ҳуқуқи. Т.: «Шарқ», 2001, 509 б.

Бул пикирден депутаттың ҳуқықый статустын белгилеўши әҳмийетли принцип - яғный императив мандат принципи келип шығады. Оған байланыслы, сайлаўшылар өз депутатларына орынланыўы шәрт болған тапсырмалар бере алады, исенимди ақламаған депутат мүддетинен алдын ўазыйпасынан шығарып алыўлары мүмкин.

Айтып өтиў керек, шет мәмлекетлерде депутатлар ҳәм сайлаўшылар арасында туўрыдан-туўры ўәкиллик қатнасықлары жоқ. Демек, депутат сайлаўшыларының өз алдына топарының емес, ал пүткил халықтың, пүткил миллеттиң ўәкили есапланады. Соған байланыслы, депутат «Еркин мандат»қа ийе, яғный өз атынан шығыўлары ислер екен, барлық пуқаралардың мәплерин көрсетиўи шәрт.

Нызамшылық палатасы депутатлары халықтың ҳәкимият ўәкиллик уйымларында хызмет көрсетиўши ўәкили болып табылады. Ҳуқықтаныўшы алым Р.Қаюмов “депутаттың ҳуқықый статусы – бул депутатлардың ҳуқықый нормаларда белгиленген ҳуқықлары, ўазыйпалары ҳәм миннетлери, олар жумысының формалары ҳәм ўәкилликлериниң жыйындысы”,[1] деп көрсеткен еди.

Солай етип, депутаттың ҳуқықый статусы көпшилик жағдайларда оған жүкленген ўазыйпаларды сыпатлы ҳәм белгиленген тәртипте әмелге асырыўы оның ҳуқықый кепиллигин қай дәрежеде белгилеп берилгенлиги менен тығыз байланыслы болады.

Депутатлық статусы менен байланыслы мәселелер тийисли тәртипте ҳуқықый тәртипке салыныўы депутатлық хызметин тосықларсыз ҳәм сапалы әмелге асырылыўын тәмийинлейди, оның социаллық-ҳуқықый қорғалыўын тамийинлеў менен бир қатарда депутаттың халық ҳәм жәмийет алдындағы ўазыйпаларды күшейтиреди.

Нызамшылық палатасы депутаты ҳәм сенатор хызметинин ҳуқықый тийкарлары Өзбекистан Республикасының Конституциясында ҳәм бир

[1] Қаюмов Р. Ўзбекистон Республикасининг Конституциявий ҳуқуқи. Т.: Адолат. 1998 й .300бет

қатар ҳуқықый ҳүжжетлерде: “Референдум жуўмақлары жәнеде мәмлекетлик ҳәкимиятты шөлкемлестириўдиң тийкарғы принциплери ҳаққында”ғы, “Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы депутатының ҳәм Сенаты ағзасының статусы ҳаққында”ғы, “Өзбекистан Республикасы Олий Мажлисине сайлаў ҳаққында”ғы, “ Өзбекистан Республикасы Олий Мажлисиниң Нызамшылық палатасы ҳаққында”ғы, “ Өзбекистан Республикасы Олий Мажлисиниң Сенаты ҳаққында”ғы, “ Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасының регламенти ҳаққында”ғы, Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси Сенатының регламенти ҳаққында”ғы нызамларда ҳәм басқа низам ҳүжжетлеринде анық белгиленип берилген.

“Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы депутатының ҳәм Сенаты ағзасының статусы ҳаққында”ғы Нызамда депутатлардың өз ўәкилликлерин толық ҳәм ғәрезсиз түрде әмелге асырыў ушын белгили дәрежеде кепилликлер белгиленген.

Айрым, ҳуқықтаныўшы алымлар депутатлық кепилликлерди әмелге асырыўға имканиятлар жаратып беретуғын шараятлар жыйындысы депутатлық кепилликлери деп аталыўын билдиреди[1]. Бирақ мениң пикиримше  бул түсиник өз мазмуны ҳәм мәнисине қарай жүдә тар мәнисте берилген деп билемен. Өзбекистан Республикасында депутатқа өз ўәкилликлерин тосықларсыз ҳәм сапалы әмелге асырыў ушын жаратылған шараятлар, олардың ҳуқықлары, ар-намысы ҳәм қәдир қымбатын қорғаўға қаратылған шаралар жыйындысы депутатлық кепили деп айтыў мақсетке муўапық болады.

Өзбекистан Республикасының әмелдеги нызамшылығына муўапық, ҳәр бир депутат өз ўәкилликлерин тосықларсыз жәнe де сапалы әмелге асырыў ушын шараятлар кепилленеди, оның ҳуқықлары, ар-намысы ҳәм қадир-қымбаты қорғалады.

[1] Тультеев И.Т. Правовой статус депутата, “Ҳуқуқ” юридик журнали, 2011 йил, 3-сон,13-14 Б.

Айрым сырт ел мәмлекетлеринде депутатлардың ар-намысына ҳәм қәдир қымбатына тийиу айыпты аўырластырыўшы жағдай болып есапланады. Соннан, Финляндия нызамшылығына муўапық[1], парламент, яғный эдускунта депутатты сессияға барыў яки қайтыў ўақтында оның депутатлығын билген ҳалда ар-намысына ҳәм қадир-қымбатына қол қатылса, ол шахсларды жуўапкершиликке тартыўда усы жағдай аўырластырыўшы жағдай деп есапланыўы белгиленген.

Сол орында депутатлардың өз искерлигин сапалы алып барыўы ушын олардың қол қатылмаслығын тәмийинлеў ушын бир система қәлиплестирилген ҳәм ҳәр бир мәмлекетте өзине тән тәризде шешилген. “Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы депутатының ҳәм Сенаты ағзасының статусы ҳаққында”ғы Нызамның 13-статьясына муўапық Нызамшылық палатасы депутаты өзиниң ўәкилликлери мүддети даўамында қол қатылмаслық ҳуқықына ийе.

Өзбекистан Республикасы Конституциясының 87-88-статьяларында депутат ҳәм сенаторлардың ҳуқықый статусының улыўма тийкарлары белгиленип берил ген. Өзбекистан Республикасы Конституциясының 88-статьясына муўапық: Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң Нызамшылық палатасы депутаты ҳәм Сенаты ағзасы қол қатылмаслық ҳуқықынан пайдаланады. Олар тийислисинше Нызамшылық палатасының яки Сенаттың келисимисиз жынайый жуўапкершилигине тартылыўы, услап турылыўы, қамаққа алыныўы яки суд тәртибинде берилетуғын ҳәкимшилик жаза шараларына тартылыўы мүмкин емес - делинген[2]. Мине Конституцияда көрсетилген нормада көринип турыпты, онда депутат ҳәм сенаторлардың тийкарғы ўазыйпалары көрсетилип, қол қатылмаслық ҳуқықы, депутаталық ҳәм сенаторлық хызметине ҳақ төлеў сыяқлы улыўма мәселелер тәртипке салынған.

---

[1] Конституции мира: Сб. Конституции государств мира. У.Таджиханов, А.Саидов Том-3,стр 76, Ташкент-1997 год.
[2] Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси, Т.: “Ўзбекистон”, 2014-йил, 40-41-Б.

Депутатлар қол-қатылмаслығына тийисли усы нормалардан басқа низам нормаларында ушратыўымыз мүмкин. Яғный Өзбекистан Республикасы Жынаят кодексинде депутатлар қол қатылмаслығы бойынша анық тәртип белгиленген.

Бирақ, Нызамшылық палатасы депутатларын қол қатылмаслығын тәмийинлеў низам нормаларында же терли дәрежеде өз көринисин таппаған деп. айтыў мүмкин. Бул болса өз гезегинде Өзбекистан Республикасында миллий парламентаризми қәлиплестириўде кери тәсирин тийгизиўи мүмкин. Яғный, депутатларды өз искерлигин әмелге асырыў дәўиринде  өзине белгили болған жағдайлар бойынша тергеў уйымлары тәрепинен сорастырыў мәселеси ҳәм тәртиби көрсетилмеген.

Депутат ҳәм  Сенатор статусы 2004 жыл 2 декабрде қабыл етилген Өзбекистан Республикасының “ Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы депутатының ҳәм Сенаты ағзасының статусы ҳаққында”ғы нызамда кеңирек ҳәм толықрақ тәртипке салынған. Усы нызамда депутат ҳәм сенаторлардың статусына тийисли барлық мәселелерди - кимлер депутат ҳәм сенатор болыўы, олардың ўәкиллик мүддети, депутатлықты тастыйықлаўшы факторлар, депутаттың Олий Мажлистеги сыяқлы мәселелерди нызамлы тийкарда беккемленгенлиги, депутаттың ҳуқық жәнe ўазыйпаларын, депутатлардың сайлаўшылар, сиясий партиялар мене алып барылатуғын ислерди, депутаттың парламент сораўын, депутат әдебин өз ишине қамрап алады.

Олий Мажлис Нызамшылық палатасы депутаты ҳуқықый статусының тийкарғы характерли тәреплерин анықлаўдан алдын, депутат - парламентарий яки өзиниң сайлаўшылары, ямаса оның талабанлығын алдын көрсеткен ўәкилиме деген сораўдың шешимин табыў лазым. Бул сораўға анық жуўап бериў ушын  депутатлық мандаттың табиатын ашыў лазым.

Депутат ҳәм Сенатор ҳуқықый статусында оның ўәкиллик мүддети ҳәм ўәкиллигиниң тамамланыўы үлкен әҳмийетке ийе. "Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы депутатының ҳәм Сенаты ағзасының статусы ҳаққында"ғы нызамның 1-статьясына муўапық:[1] Олий Мажлис Нызамшылық палатасы депутаты ҳәм Сенат ағзасы Олий Мажлис ўәкилликлери мүддетине, яғный бес жыл мүддетке сайланады. Сол себептен депутат ҳәм сенатордың ўәкилликлери сайланған күннен басланады ҳәм Олий Мажлис ўәкилликлери тамам болғаннан соң жаңа шақырық сайлаўлар өткерилгенде тамам болады.

Соны айрықша көрсетиў керек, Өзбекистан Республикасы нызамшылығына муўапық Олий Мажлис Нызамшылық палатасы депутаты ҳәм Сенат ағзасының ўәкилликлери мүддетинен алдын тамамланыўыда мүмкинлиги белгиленген. Яғный, "Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы депутатынын ҳәм Сенаты ағзасының статусы ҳаққында"ғы нызамның 4-статьясына муўапық[2]: Нызамшылық палатасы депутаты ҳәм Сенат ағзасының ўәкилликлери төмендеги жағдайларда мүддетинен алдын тамамланыўы мүмкин:

- ол өз ўәкилликлерин мойнынан босатыў ҳаққындағы арзасын берген жағдайда;

- ол нызамға муўапық депутатлық, сенаторлык ўәкилликлерин әмелеге асырыўғ муўапық болмаған лаўазымға сайланған яки тайынланған жағдайда;

- оған қарата судтың айыплаў ҳүкми нызамлы күшке кирген жағдайда;

---

[1] Ўзбекистон Республикаси "Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Конунчилик палатаси депутатининг ва Сенати аъзосининг мақоми тўғрисида"ги қонуни // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Ахборотномаси. 2005.- №1.- 8 – модда.

[2] Ўзбекистон Республикаси "Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Конунчилик палатаси депутатининг ва Сенати аъзосининг мақоми тўғрисида"ги қонуни // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Ахборотномаси. 2005.- №1.- 8 – модда.

- ол шақырып алынған жағдайда;

- суд оны қатнасық уқыплығына ийе емес деп табылса;

- ол судтың нызамлы күшке кирген карары тийкарында белгисиз жоғалтылган деп тапса, ямаса қайтыс болған жәрияланған жағдайда;

- ол Өзбекистан Республикасы пуқаралығын жоғалтқан жағдайда;

- ол қайтыс болғанда;

- палата тарқатып жиберилген жағдайда.

Депутат ҳәм сенаторлардың ҳуқықлары ҳәм ўазыйпалары «Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы депутатының ҳәм Сенати ағзасының статусы ҳаққында»ғы нызамның 7-статьясында берилген.

Бул нызамға муўапық, депутат ҳәм сенатор:

- палатаның уйымларына сайлаў ҳәм сайланыўға;

- палата мәжлисинде көрип шығылыўы ушын мәселелер усыныўға;

-палата мәжлисиниң күн тәртиби, додаланып атырған мәселелерди көрип шығыў тәртиби жәнe булл мәселелердиң мәниси бойынша усыныслар киргизиў ҳәм талықлаўға, қарар жойбарлары ҳәм оларға дүзетиўлер киргизиўге, палата тәрепинен дүзилетуғын органлардың жеке қурамы жәнеде сайланатуғын, тайынланатуғын, яки тастыйықланатуғын лаўазымлы шахслардың талабанлары бойынша пикирлерин билдириўге;

- додалаўда қатнасыўға, оларда сораўлар бериўге;

- парламент сораўы менен мүрәәжат етиўге;

- өз усынысларын тийкарлап бериў ушын сөзге шығыўға ҳәм даўыс бериў себеплери бойынша түсиндирип бериўге;

- палата мәжлисинде басшылық етиўге палата мәжлисинде талықланып атырған мәселе бойынша өз сөзин, усыныс яки пикириниң текстин тапсырыўға;

- палата қурамындағы өзи ағза болған тийисли уйымның қарарына қосылмаған жағдайда өз пикирин палата мәжлисинде баян етиўге яки булл

ҳаққында тийислисинше Нызамшылық палатасының Спикерине, Сенат баслығына жазба рәўиште мәлим етиўге;

- палатаға есапдар яки оның қадағалаўы астындағы ҳәр қандай орган ямаса лаўазымлы шахстың есабаты яки мәлимлемени палата мәжлислеринде еситиў ҳаққында усыныс киргизиўге;

- Өзбекистан Республикасы нызамларының орынланыўын, сондай-ақ, палата қарарларының орынланыўын тексериў ҳаққында көрип шығылыўы ушын мәселелер усыныўға;

- палата мәжлислериниң стенограммалары менен танысыўға;

- пуқаралардың ҳуқықлары ҳәм нызам менен қорғалатуғын мәплерин бузыў жағдайлары яки нызам ҳүжжетлерин бузыўдың басқа жағдайлары белгили болып қалғанда оларға дәрҳал шеек қойыў шараларын көриў талабы менен тийисли органлар және лаўазымлы шахсларға муражаат етиўге ҳақлы[1].

Депутатлар нызам ҳүжжетлеринде көрсетилген ҳуқық ҳәм ўазыйпалардан пайдаланған ҳалда, Олий Мажлис Нызамшылық палатасы искерлигинде қатнасып, мәмлекетлик, хожалық ҳәм социал-экономикалық қурлыстың әҳмийетли мәселелерин шешеди, нызамларды ҳәм Нызамшылық палатасы қарарларын қабыл етиўде қатнасады және мәмлекетлик уйымлар, кәрханалар, мекемелер ҳәм шөлкемлердиң жумысын қадағалайды.

Бул орында, Нызамшылық палатасы депутатының ең әҳмийетли ҳуқықларынан бири сыпатында Нызамшылық басламасы ҳуқықын айрықша айтып өтиў орынлы. Олий Мажлис Нызамшылық палатасы депутатының Нызамшылық басламасы ҳуқықы Өзбекистан Республикасы Конституциясының 83-статьясында ҳәм тийисли нызамларда белгиленген тәртипте әмелге асырылады. Депутат өзиң ўәкилликлериниң көпшилигин

---

[1] Ўзбекистон Республикаси "Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Конунчилик палатаси депутатининг ва Сенати аъзосининг мақоми тўғрисида"ги қонуни // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Ахборотномаси. 2005.- №1.- 8 – модда.

Нызамшылық палатасы мәжлислеринде әмелге асырады. Депутат Нызамшылық палатасы жумысында турақлы түрде ҳәм интизамлы қатнасыўы жүдә үлкен әҳмийетке ийе, себеби бир айрым бир бөлим депутатлар мәжлислерге келмей қалса нызам талап еткен кворум жыйналмайды ҳәм Нызамшылық палатасы өз жумысын толық әмелге асыра алмайды.

Нызамшылық палатасы депутаты Нызамшылық палатасының қайсы комитети, комиссиясы қурамына, келисиў комиссиясы қурамына сайланған болса, сол комитет, комиссияның мәжлислеринде қатнасыўы, даўыс бериўде Нызамшылық палатасының регламентлеринде белгиленген тәртипте жеке қатнасыўы шәрт. «Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасының Регламенти ҳаққында»ғы Нызамға муўапық[1], Нызамшылық палатасының мәжлислери, егер олардың жумысында палата депутатлары улыўма санының кеминде ярымы қатнасса, ўәкилликли есапланады.

Сол себепли, Нызамшылық палатасы, комитет, комиссия, келисим комиссиясы мәжлисинде қатнасыў имканияты болмаған жағдайда, депутатлар бул ҳаққында Нызамшылық палатасының Спикерине, комитет, комиссия баслығына, келисим комиссиясының тийисли палатадан сайланған да баслыққа алдыннан хабардар етиўи шәрт. Егер, Нызамшылық палатасының жумысы палата барлық депутатлардың профессионал, үзликсиз хызметине тийкарланғанлығын итибарға алсақ, интизамның бул тәризде бузылыўы Нызамшылық палатасы хызметин белгили бир дәрежеде изленбеўине шекем алып келиўи мүмкин.

Жоқарыда көрсетилген ҳуқықлардан тысқары Нызамшылық палатасы депутаты нызамшылық басламасы ҳуқықына, палатадағы депутатлар бирлеспелери жумысында қатнасыў ҳуқықына ийе. Сондай-ақ

[1] Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик палатасининг регламенти тўғрисида”ги Ўзбекистон Республикаси 29.08.2003 й. 522-II-сон Қонуни билан тасдиқланган. // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлис Ахборотномаси 2003 й. 9-10-сон, 136-модда

жергиликли Кеңеслерде дүзилген партия топарлары жумысында қатнасыў ҳуқықына ийе.

Депутат, сенатор тийслисинше Нызамшылық палатасы, жергиликли Кеңеслер ҳәм сенат мәжлислеринде (сессияларда) сондай-ақ, олар сайлаған органлар (комитет, комиссиялар) қурамына ағза болса, олардың жумысында қатнасыў, даўыс бериўде жеке өзи қатнасыўы шәрт.

Жыйналыс, сессия, түрли органлар жумысында қатнасыў имканияты болмаған жағдайда, депутат, сенаторлар тийислисинше Спикерге, Сенат Баслығына (комитет, комиссия баслықларына) алдыннан хабардар етиўи шәрт.

Улыўмаластырып айтқанда Өзбекистанда еки палаталы парламент системасы қәлиплестирип, Нызамшылық палатасы үзликсиз тийкарда жумыс алып барыўы белгиленгени бизге белгили. Ҳәзирги күнде палата тәрепинен депутатлық әдеби комиссиясына ҳәм депутатлық әдеби қағыйдалары бойынша норматив ҳүжжетлериң қатары еледе көбейтириў керек.

Келешекте Нызамшылық палатасы депутатының жуўапкершилигин арттырыў ушын «Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы депутатының ҳәм Сенаты ағзасының статусы ҳаққында»ғы Нызам талабы тийкарында «Депутатлық әдеби комиссиясы ҳаққында»ғы Устав ҳәм депутатлық әдеби қағыйдалары нормаларын еледе жетилистириў мақсетке муўапық болар еди.

Өзбекистан Республикасының "Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳаққында"ғы Конституциялық Нызам, "Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасының регламенти ҳаққында"ғы Нызамында[1] "Нызамшылық палатасының

[1] "Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик палатаси тугрисида"ги Конституциявий Конуни, "Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик палатасининг регламенти тугрисида"ги Конуни. "Ўзбекистон Республикаси конунлари тўплами", 2003 й., 9-10-сон.

жумысы палата барлық депутатлардың профессионал, турақлы хызметине тийкарланады", - деп белгиленген.

Бул жағдайдада депутат искерлигиниң ҳуқықый тийкары ҳәм статусының ең әҳмийетли белгиси сыпатында қараўымыз мүмкин. Бул норма бир тәрептен Олий Мажлисти профессионал парламент сыпатында хызмет көрсетиўин белгилесе, екинши тәрептен ҳәр бир депутатқа оның искерлигине жәрдем бериўин тәмийинлениўиниң лазымлығын келтирип шығарады.

Депутатлардың искерлигиниң ҳуқықый тийкарларын белгилеўши және бир норматив ҳүжжетлеринен бири сыпатында Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасының регламентин баҳалаў лазым. "Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы депутатының ҳәм Сенат ағзасының ҳуқықый статусы ҳаққында"ғы Нызамның 9-статьясы талабында депутатқа сайлаўшылар менен алып баратуғын ислери ушын белгиленген тәртипте мәлим бир күнлер ажратылыўы белгиленбеген. Буннан тысқары, депутатлардың өз ўәкилликлерин әмелге асырыў тәртиби тереңирек белгилениўи, депутатлық этика қағыйдалары ҳәм депутатлардың жуўапкершилиги мәселелери тәртипке салынса мақсетке муўапық болар еди. Сырт ел мәмлекетлери парламентинде усы қағыйдалар тиккелей регламент пенен тәртипке салынған. Соннан Қазақстан Республикаси Парламенти Регламентиниң 22, 23, 24-бөлимлери менен усы мәселелер тиккелей тәртипке салынған[1]. Бул норманы Россия Федерациясы Мәмлекетлик Думасы регламентиндеде көриўимизге болады.

Бул нормалардың Регламентте өз көринисин табыўы депутаттың ҳуқықый статусын асырыўға, олардың ўазыйпаларына жуўапкершилик пенен қараўына түртки болар еди.

---

[1] Регламент Парламента Республики Казахстан. Принят на совместном заседании Палат Парламента Республики Казахстан 20 мая 1996 года. http/www.5ballov.ru/

Депутат нызамлылықларды жуўапкершиликке алып келиў дәрежесинде бузса, өз ҳәрекетлери менен депутат деген атқа дақ түсирсе, Олий Мажлис Нызамшылық палатасы абыройына зыян жеткизсе, өз депутатлық ўазыйпасын орынлаўға жуўапкершилик пенен қарамаса депутатлықтан шақырып алыныўы мүмкин.

Депутатты шақырып алыў ҳаққында қарар жетерли тийкарлар болғанда, Нызамшылық палатасы тәрепинен қабыл етиледи. Бул қарардан соң шақырып алыў процесси басланады. Олий Мажлис Нызамшылық палатасы шақырып алыў ҳаққында қарар қабыл етиў мәселесин өз басламасы менен де шешиўи мүмкин. Сондай-ақ, бундай қарар қабыл қабыл етиўге ҳуқық қорғаў уйымлары ҳәм прокуратура уйымлары тәрепинен белгиленген тәртипте берген сораўлары да тийкар болыўы мүмкин.

Депутаттың нызам ҳүжжетлерин бузғанлығы ҳаққында мағлыўмат Нызамшылық палатасы тәрепинен Республика Бас Прокурорына дәслепки тәризде көрип шығыў, сол мәселе бойынша Нызамшылық палатасы депутатлық әдеплилик комитетине (комиссияға) жуўмақ усыныў ушын бериледи. Прокурор жуўмағы ҳәм депутатлық әдеплилик комиссиясы (комитет) жуўмағын еситиў бойынша депутатты шақырып алыў ҳаққында қарар қабыл етеди. Усы мәселени үйренген прокурордың пикири Нызамшылық палатасы мәжлислеринде еситтирилиўи мүмкин. Шақырып алыў усынысы тийкарлы деп табылғаннан соң, тийисли қарар қабыл етилгеннен соң, усы қарар Орайлық сайлаў комиссиясына жибериледи.

Соныда айтыў орынлы, шақырып алынған депутат ҳуқықы нызам менен кепилленеди. Бул шақырып алыў ушын тийкарлар бар болған материаллар үш күн ишинде депутатқа ҳүжжетлер қосымша етилген ҳалда хабардар етилиўинде, шақырып алыў мәселеси қойылған сайлаўшылар менен ушрасыўға, сайлаўшылардың жыйналысларында, Нызамшылық палатасы сессия ҳәм мәжлислеринде шақырып алыў

мәселеси көрилип атырғанда қатнасыў ҳәм өзин қорғап сөзге шығыўға ҳақлы екенлигинде көриўге болады.

Жуўмақлап айтатуғын болсақ депутаттың ўәкиллик мүддетинен алдын тамамланыўы депутатқа карата қолланылатуғын аўыр мәжбүрий шара болып есапланады. Бул болса өз гезегинде депутатлықтың үлкен жуўапкершилигин көрсетеди.

Өзбекистан Республикасы Президенти Олий Мажлистиң қоспа мәжлисинде сиясий партиялар ҳәмде депутатлардың белсендилиги, олардың нызам басламасы ҳуқықы ҳаққында айтып өтеди. Онда бүгинги күнде фракциялар ҳәм депутатлардың мәмлекетимиз ушын әҳмийетли болған нызамларды ислеп шығыўда басламалық көрсетиў ҳәм оларды қабыл етиў бойынша хызметин принципиал жақтан қайта көрип шығыў керек[1] – деп айтады.  Фракциялар ҳәм депутатлар хызмети белсенди ҳәм мазмунлы болыўы, өз сиясий партиялары ҳәм олардың электораты мәплери ҳәм де көрсетпелерин есапқа алған ҳалда жолға қойылыўы лазым.

## 1.3.Депутаттың ҳәм сенатордың парламент сораўы менен муражаат етиў тәртиби ҳәм олар искерлигиниң тийкарғы кепилликлери.

Депутатлар искерлигинде ең әҳмийетли институтлардан бири парламент сораўы болып есапланады. Депутат, сенатор мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў уйымларының лаўазымлы шахсларына олардың ўәкилликлерине киретуғын мәселелер бойынша тийкарланған түсиндириў бериў яки өз көз-карaслары, пикирлерин баян етил талабы менен парламент сораўын жибериў ҳуқықына ийе.

---

[1] И.А.Каримов Ўзбекистон Республикасы Олий Мажлиси Қонунчилик палатаси ва Сенатининг қўшма мажлисидаги маъруза. Т.: “Ўзбекистон”, 2015-йил, 16-Б.

Мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў уйымларының лаўазымлы шахслары парламент сораўына жуўапты, белгиленген мүддетлерде тийисли палатаның мәжлисине береди.

Өзбекистан Республикасы Жоқарғы суды, Жоқарғы хожалық суды баслығына, Бас прокурорға, сорастырыў ҳәм тергеў органларының басшыларына бағдарланған парламент сораўы олардың ис жүритиўдеги сол ислер ҳәм материалларға байланыслы болыўы мүмкин емес.

Парламент сораўы парламентлик қадағалаўдың ең сапалы түри болып табылады. Сол себепли депутат ҳәм сенаторлар бул усылды кең қоллаў керек.  Ол депутатларға берилген ең күшли, тәсиршең имканияты болып есапланады. Парламент сораўы арқалы депутатлар сайлаўшылардың талап ҳәм мәплерин әмелге асырыўда жақыннан жәрдем береди.

Парламент сораўы депутат яки бир топар депутатлар тәрепинен жазба яки аўызеки түрде киргизилиўи мүмкин. Нызамшылық палатасының депутатлары талап етип алатуғын мәлимлемени тийисли мәмлекетлик уйым, басқа шөлкем, лаўазымлы шахс муражаат алынған күннен баслап он күннен кешиктирмей усыныс етиў керек.

Өзбекистан Республикасы Президенти Олий Мажлис палаталары қоспа мәжлисиндеги баянатында: «өткен бес жылда еки палата тәрепинен түрли мәмлекетлик басқарыў уйымларына айрым социаллық мәселелер бойынша тек ғана 7 сораў жиберилген. Жаңа конституциялық шараятта парламент еситтириўлери, ҳүкимет ағзалары, мәмлекетлик ҳәм хожалық басқарыў уйымлары басшыларының нызамшылық талапларының орынланыўы бойынша әмелге асырылып атырған жумыслар ҳаққындағы есабатларды системалы рәўиште тыңлаў, депутатлардың сораўларына

кеңирек жуўап қайтарыўды тәмийинлеў парламенттиң күнделик искерлиги болмағы зәрүр»[1] - деп көрсетеди.

Депутатлар хызметин әмелге асырыўдың әҳмийетли формаларынан бири сайлаў округындағы искерлиги болып табылады. Өзбекистан нызамшылығында  депутатлардың бул тараўдағы жумысы ушын белгили ҳуқықлардан пайдаланыў имканиятын берилген. Бул депутатлардың оларды сайлаўшылар менен турақлы түрде беккем байланысты орнатады[2].

Демек, депутат сайлаўшылар менен байланыста болар екен, оларды Олий Мажлис Нызамшылық палатасы искерлиги менен  толық таныстырып барады, бунда депутаттың сайлаўшылар менен ушрасыўы зәрүр әҳмийетке ийе.

Өзбекистан Республикасының "Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы депутатының ҳәм Сенат ағзасының статусы ҳаққында"ғы нызамға муўапық: депутат сайлаўшылар менен ушрасыўлар өткериў ушын зәрүр шараятлар менен тәмийинлениўи шәрт.

Усы нызамның 9-статьясына муўапық[3]:  "Депутатларға сайлаўшылар менен алып барылатуғын жумыслар ушын Нызамшылық палатасының регламентинде белгиленетуғын тәртипте мәлим күнлер ажратылады", - деп көрсетилген. Депутатлар сайлаў округлеринде өз ўәкилликлерин әмелге асырыў ушын тийисли ҳәкимият ўәкиллик уйымы қадағалаўы астындағы шөлкемлерде сайлаў округиндеги пуқаралардың зәрүр мәплерине тийисли болған ҳәр қандай мәселе көрип шығылып атырған ўақытта қатнасыў, округ сайлаўшылары менен жыйынлар, мийнет жәмәэтлери, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары, сиясий партиялардың шөлкемлери менен жыйналыс өткериў ҳуқықына ийе.

---

[1] И.А.Каримов Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик палатаси ва Сенатининг қўшма мажлисидаги маъруза. Т.: "Ўзбекистон", 2015-йил, 16-Б.
[2] О.Т.Ҳусанов Конституциявий ҳуқуқ. Т.: "Адолат" 2013-йил, 409-б.
[3] Ўзбекистон Республикаси "Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Конунчилик палатаси депутатининг ва Сенати аъзосининг мақоми тўғрисида"ги қонуни // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Ахборотномаси. 2005.- №1.- 8 – модда.

Әмелдеги нызамшылықта депутатлардың өз сайлаўшыларынан түскен арза, усыныс ҳәм шағымларды көрип шығыўы, оларды өз ўақтында шешиўде ис-илажларды көриўи, сайлаўшылар алдында өзиниң искерлиги бойынша ўақты-ўақты менен хабардар етип турыўы көрсетилген. Мысалы: Олий Мажлис Нызамшылық палатасы депутаты жылына кеминде бир мәрте өз жумысы ҳаққында сайлаўшыларға өз хызмети ҳәм өзи сайланған Нызамшылық палатаси искерлиги ҳаққында мәлим етип турыўы шәрт.

Ал бул мақсетлерди әмелге асырыў ушын, атқарыўшы ҳәкимият уйымлары депутаттың илтимасына муўапық имарат ажратып бериўди шөлкемлестириўи, сайлаўшылар менен ушрасыўлар өткерилетуғын, депутат тәрепинен пуқаралар қабыл ететуғын ўақты ҳәм орны ҳаққында пуқараларға хабар бериўлери, қабыл етиўде ҳәм ушрасыўларда қатнасыў ушын депутаттың усынысына муўапық өзлериниң жуўапкер ўәкиллерин жибериўлери, сондай-ақ депутаттың орынлардағы жумысына көмеклесиў бойынша ис-илажларды көриўи лазым.

Сондай-ақ, депутат өз депутатлық хызметине байланыслы мәселелер бойынша баспа сөзде шығыў, радио ҳәм телевидение арқалы сөзлеў барысында да мәлим дәрежеде жеңилликли ҳуқықларға ийе.

Өзбекистан Республикасы Президентиниң белгилегениндей: «Депутатлардың сайлаўшылар менен ислесиўин түптен жақсылаў, палаталар жумысына парламент қадағалаўының заманагөй усылларын қолланыў, соннан, мәмлекетлик бюджетти қәлиплестириў ҳәм мәмлекетимиздиң усы әҳмийетли экономикалық ҳүжжеттиң орынланыўын қадағалаўдың заманагөй усылларын енгизиў зәрүр болған ўазыйпалардан бири. Олий Мажлис палаталары тәрепинен қадағалаў ўазыйпасын әмелге асырыўдың мине усы ҳәм басқа бир қатар формалары ҳәм усылларын "Парламент қадағалаўы ҳаққында»ғы нызамда системалы ҳәм анық

беккемлеп қойыў зәрүр»[1] деп көрсетеди. Ҳәзирги ўақытта булл нызам жойбары елимиз экспертлердиң бирге ислесиўинде додаланып атыр.

Пуқаралардың ҳуқықлары ҳәм мәплери бузылған жағдайда яки нызамлылық бузылған басқа ҳалларда депутат мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкили сыпатында, сол жердиң өзинде бундай нызамбузарлықлар тоқтатылыўын талап етиўге, ямаса тийисли уйымлар ҳәм лаўазымлы шахсларға муражаат етиўге ҳақлы. Нызамбузарлық жағдай депутаттың талабы менен тийисли ҳуқық қорғаў уйымларына яки қадағалаў уйымының ўәкили дүзген баяннамада көрсетиўи мүмкин[2].

Депутат талап пенен муражаат еткен мәмлекетлик уйымның лаўазымлы шахслары, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳәм жәмийетлик бирлеспелердиң басшылары, кәрхана ҳәм шөлкемлердиң администрациясы, сондай-ақ ишки ислер министрлиги системасы хызметкерлери нызам бузылған жағдайларды сапластырыў ҳәм айыпкерлерди жуўапкершиликке тартыў ушын дәрҳал шара көриўлери, көрилген шаралар ҳаққында депутатқа мәлим етиўлери шәрт.

"Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы депутатының ҳәм Сенаты ағзасының статусы ҳаққында"ғы нызамда депутат ҳәм сенаторлардың өз ўәкилликлерин толық ҳәм ғәрезсиз түрде әмелге асырыўы ушын кепилликлер белгиленген.

Олий Мажлис Нызамшылық палатасы депутаты ҳәм сенатордың ар-намысы ҳәм қәдир-қымбатына қол қатыған шахслар нызамға муўапық ҳәкимшилик ҳәм жынаый жуўапкершиликке тартылады. Депутат ҳәм сенаторды ақиретлеген, оған қарата жала жаўған, оған билип турып жалған мағлыўмат берген лаўазымлы шахслар жуўапкершиликке тартылыўыда нызам ҳүжжетлерде белгиленген.

---

[1] И.А.Каримов. Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик палатаси ва Сенатининг қўшма мажлисидаги маъруза.Т.: "Ўзбекистон", 17-Б.
[2] О.Т.Хусанов. Конституциявий ҳуқуқ Т.: Адолат ,2013 йил, 419-б

“Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы депутатының ҳәм Сенаты ағзасының статусы ҳаққында”ғы нызамның 13-статьясына муўапық[1]: Нызамшылық палатасы депутаты ҳәм сенатор өзиниң ўәкилликлери мүддети даўамында қол қатылмаслық ҳуқықына ийе.

Депутаттың қол қатылмаслығы оның ҳуқықый статусын белгилеўде зәрүр әҳмийетке ийе болыўы, Олий Мажлис Нызамшылық палатасы депутаты ҳәм сенат ағзасының қол қатылмаслық ҳуқықынан пайдаланыўы Өзбекистан Республикасы Конститутциясының 88-статьясына муўапық: «Өзбекистан Республикасы Олий Мажлисиниң Нызамшылық палатасы депутаты ҳәм Сенаты ағзасы қол қатылмаслық ҳуқықынан пайдаланады. Олар тийислисинше Нызамшылық палатасының яки Сенаттың келисимисиз жынайый жуўапкершилигине тартылыўы, услап турылыўы, қамаққа алыныўы яки суд тәртибинде берилетуғын ҳәкимшилик жаза шараларына тартылыўы мүмкин емес»[2].

Усы конституциялық норма Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы депутаты ҳәм сенат ағзасының қәдир-қымбатын ҳәм ар-намысын, шахсты қорғаў мақсетинеде оның белгили дәрежеде юридикалық жуўапкершиликке тартылмаслығы нәзерде тутылған.

Тийисли палатының разылығысыз депутат, сенатор жынаый жуўапкершиликке тартылыўы, услап турылыўы, қамаққа алыныўы яки суд тәртибинде берилетуғын ҳәкимшилик жазаға тартылыўы мүмкин емес.

Депутатты, сенаторды мәжбүрий келтириўге, сондай-ақ, оның үй-жайы, хызмет ханасын, жүги, жеке ҳәм хызмет транспорты қуралларын, хат алысыўларды, ол пайдаланып атырған байланыс қуралларын, сондай-ақ оған тийисли ҳүжжетлерди көзден кешириўге жол қойылмайды.

---

[1] Ўзбекистон Республикаси “Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Конунчилик палатаси депутатининг ва Сенати аъзосининг мақоми тўғрисида”ги қонуни // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Ахборотномаси. 2005.-№1.- 8 – модда.

[2] Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси, Т.: “Ўзбекистон”, 2014-йил, 41-б.

Сондай-ақ, көрсетилген нызамда депутат, сенатор тийисли палатада даўыс бериў ўақтында, яки өз пикирин баян етилгенлиги ушын ҳәмде өз ўәкилликлерин әмелге асырыўы менен байланыслы басқа ҳәрекетлери ушын жуўапкершиликке тартылыўы мүмкин емес, соннан ўәкилликлери мүддети тамам болғаннан кейинде жуўапкершиликке тартылмайды. Егер усындай қатты ҳәрекетлер қатнасығы менен депутат, сенатордың ар-намысына тийиўге, яки нызам ҳүжжетлеринде жуўапкершилик нәзерде тутылған басқа нызамбузарлықларға жол қойылған болса, ол қол қатылмаслық ҳуқықынан айырылған жағдайда жуўапкершиликке тартылады. Депутатлар қол қатылмаслығына тийисли бул нормаларды басқа нызам нормаларында ушратыў мүмкин. Мысалы, Өзбекистан Республикасы Жынаят кодексинде де депутатлар қол қатылмаслығы бойынша анық тәртип белгиленген.

Өзбекистан Республикасында депутатты, сенаторды қол қатылмаслық ҳуқықынан айырыў ҳаққындағы мәселе Өзбекистан Республикасы Бас прокурорының усынысына муўапық Өзбекистан Республикасы Олий Мажлисиниң тийисли палатаси тәрепинен он күн ишинде шешиледи. Яғный бундай норма Өзбекистан Республикасы Конституциясының 79-статьясына муўапық: «Өзбекистан Республикасы Бас прокурорының усынысына муўапық Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы депутатының қол қатылмаслық ҳуқықынан айырыў ҳаққындағы мәселелерди шешиў»[1] - Олий Мажлиси Нызамшылық палатасысының тиккелей ўәкилликлерине берилген.

Ал Конституцияның 80-стаьясына муўапық: «Өзбекистан Республикасы Бас прокурорының усынысы менен Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Сенаты ағзасының қол қатылмаслық ҳуқықынан айырыў ҳаққындағы мәселелерди шешиў» - Өзбекстан

[1] Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси, Т.: "Ўзбекистон", 2014-йил, 29-б.

Республикасы Олий Мажлиси Сенатының тиккелей ўәкилликлерине киритилген.

Өзбекистан Республикасы Бас прокурорының депутатын жынаый жуўапкершиликке тартыў, услап турыў, қамаққа алыў яки суд тәртибинде берилетуғын ҳәкимшилик жазаны қоллаўға разылық алыў ҳаққындағы усынысы Нызамшылық палатасы тәрепинен көрип шығалады, ал Нызамшылық палатасының сессиялары арасында болса, оның Кеңеси тәрепинен көрип шығылып, Нызамшылық палатасы Кенесиниң усы мәселеге тийисли қарары кейинирек Нызамшылық палатасының сессиясында тастыйықланады. Сенаторды қол қатылмаслық ҳуқықынан айырыў ҳаққындағы мәселе Сенат тәрепинен оның мәжлисинде, ал Сенаттың мәжлислери аралығында болса, Сенаттың Кеңеси тәрепинен көрип шығылады.

Нызамшылық палатасының, Сенаттың яки палаталар Кеңеслериниң депутаты, сенаторды қол қатылмаслық ҳуқықынан айырыўға разылық бериў мәселесине тийисли қарары дәрҳал Өзбекистан Республикасы Бас прокурорына жибериледи.

Депутатты, сенаторды қол қатылмаслық ҳуқықынан айырыўға разылық алған Өзбекистан Республикасы Бас прокуроры ис жүритиў тамамланған күннен баслап үш күнлик мүддет ишинде Нызамшылық палатасына яки Сенатқа исти тергеў қылыў, судта көрип шығыў нәтийжелери ҳаққында хабар етиўи шәрт.

Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси тийисли палатасы депутаттың, сенатордың қол қатылмаслық ҳуқықынан айырыўға разылық бериўди қайтарыўы (разы болмаса) оған қарата жынаят исин жүритиўди яки суд тәртибинде берилетуғын ҳәкимшилик жазаны нәзерде тутатуғын ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы ис жүритиўди есапқа алмастан ҳәм бундай servicioлерди тамамлаўға себеп болатуғын жағдай болып есапланады. Тийисли исти тамамлаў ҳаққында қарар тек ғана жаңа

ашылған жағдайлар бар болған жағдайда биикар етилиўи мүмкин. Депутат, сенатор өз хызметин әмелге асырыў дәўиринде оған кепилликлер берилген, яғный депутат ҳәм сенаторлар өз жумысы дәўиринде лаўазымлы шахслар тәрепинен дәрҳал қабыл етилиўи керек, депутат ҳәм сенаторға өз ўәкилликлерин әмелге асырыў ушын барлық шараятлар жаратып берилиўи лазым.

“ Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы депутатының ҳәм Сенаты ағзасының статусы ҳаққында”ғы нызамның 15-статьясына муўапық[1]: депутат ҳәм сенатор өз ўәкилликлерин әмелге асырып атырғанда гуўалығын көрсетип, Өзбекистан Республикасы аймағындағы кәрханалар, мекемелер ҳәм шөлкемлерге иркинишсиз кириў ҳуқықынан, сондай-ақ олардың басшылары жәнеде басқа лаўазымлы шахслар тәрепинен дәрҳал қабыл етиў ҳуқықынан пайдаланады.

Нызам нормаларынан келип шыққан ҳалда депутат ҳәм сенаторлық хызметиниң кепилликлерин белгили бир дәрежеде группаларға ажратыў мүмкин. Соннан, бул кепилликлеоди сиясий, социаллық-экономикалық, шөлкемлестириўшилик ҳәм жеке қол қатылмаслық сыяқлы группаларға ажратыў мүмкин.

Олий Мажлис Нызамшылық палатасы депутаты ҳәм Сенат ағзасы хызметиниң социал-экономикалық кепилликлери сыпатында әскерий жыйынлардан азат етиў, транспорта биипул жүриў, хызмет бойынша турар жай бериў, пул төленетуғын жыллық отпускалардың берилиўин ҳәм мийнет ҳуқықлары кепилликлерин көрсетиў мүмкин.

Нызамшылық палатасы яки Сенат тарқатып жиберилген жағдайда депутатқа жумыстан босатыў напақасы төленеди жәнеде жумысқа

[1] Ўзбекистон Республикаси “Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Конунчилик палатаси депутатининг ва Сенати аъзосининг мақоми тўғрисида”ги қонуни // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Ахборотномаси. 2005.- №1.- 8 – модда.

жайласыў дәўиринде нызамда белгиленген тәртипте орташа ис ҳақы сақланып қалынады.

Депутат ҳәм сенаторға ҳәр жылы отыз алты ис күнинен ибарат ҳақ төленетуғын мийнет дем алысы бериледи. Ҳәр жылғы мийнет дем алысы, әдетте Нызамшылық палатасы сессиялары аралығындағы дәўирде бериледи. Депутат, сенатор Өзбекистан Республикасы аймағында ҳаўа, темир жол ҳәм қала жолаўшылар транспортынан тысқары автомобиль жолаўшы транспортында текин жүриў ҳуқықы кепилленген.

Сондай-ақ, депутат, сенатор аэропортлар ҳәм аэровокзаллар, темир жол вокзаллары жәнеде станциялардың рәсмий шахслар ҳәм делегациялар ушын мөлшерленген залларынан текин пайдаланыў ҳуқықына ийе.

Өз орнында темир жол вокзаллары станцияларының билет сататуғын кассалары, пуқара авиация агентлиги яки аэропортлар депутат өз гуўалығын көрсеткеннен соң оған поезддиң жумсақ орынлығынан, самолёт салонынан гезексиз орын берилиўи шәрт. Депутат, сенатор ҳәр бир транспорт түринде қол жүгин текин алып барыў ҳуқықынада ийе.

Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасының баслығы, орынбасарлары, комитетлери ҳәм комиссияларының баслықлары, парламентлерааралық байланыслар бөлиминиң баслығына өз искерлигин жәнe толықрақ әмелге асырыў мақсетинде дипломатик паспортлар берилиўиде нызам нормаларында белгиленген. Нызамшылық палатасы депутаты, Сенатта турақлы түрде ислеўши сенаторға Ташкент қаласында турар жайға ийе болмаса, олар берген арзаларына муўапық шаңарақ ағзалары менен жасаў ушын Ташкент қаласынан хызмет турар жайы бериледи.

Жоқарыдағылардың улыўмаластырып, соның менен бир қатарда депутат, сенатор хызметиниң социал-экономикалық кепилликлери сыпатында депутаттың өмирин мәжбүрий қамсызландырыў, депутат,

сенатордың медициналық ҳәм маиший хызмет көрсетиўин тәийинлеў сыяқлы социал-экономикалық кепилликлерин нызамда көрсетисе мақсетке муўапық болар еди.

Парламент шөлкемлестириўшилик тәрепинен кең тармақлы болғанлығы себепли мәмлекетлик ҳәкимият өз алдына айрықша орын тутады. Өзбекстан Республикасында парламентаризм тараўында бир қатар унамлы нәтийжелерге ерисилди ҳәм бундай нәтийжелер мәмлекетимиздиң сиясий-социаллық турмысында әҳмийетли роль ойнап келмекте. Бирақ, депутат ҳәм сенаторлардың ҳуқықый статусын белгилеўши ҳуқықый ҳүжжетлерди толық деп болмайды. Көпшилик жағдайларда ҳәзирги күнге шекем олар хызметин тәртипке салыўшы айырым норматив ҳүжжетлер толық ислеп шығылмаған. Парламент тек ҳәкимият системасында емес, улыўма, мәмлекет ҳәм оның халқы тәғдиринде үлкен орын тутады. Парламенттиң қандай шөлкемлестирилгенине қарап, мәмлекетке баҳа бериў, оның қандай жол тутқанын анықлаў имканын береди. Парламент халық ҳәкимиятының исенимли ҳәм жарқын көриниси болып табылады.

Бул илимий изертлеў жумысында әмелге асырылған талқылаў нәтийжесинде ең әҳмийетли жуўмақ ҳәм төмендеги усынservлар көрсетилди:

«Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы депутаты ҳәм Сенаты ағзасының статусы ҳаққында»ғы Өзбекистан Республикасы Нызамына бир қанша өзгерис ҳәм қосымшалар киргизиўди усынамыз. Соннан усы нызамның $9^1$-статьясы үшинши пунктиндеги "жылына кеминде бир мәрте сайлаўшыларға өз искерлиги ҳаққында хабар береди" деген сөзлерди «жылына кеминде үш мәрте өз округы сайлаўшылары менен ушрасады ҳәм жылына бир мәрте оларға есабат береди" деген редакцияда баян етиў сайлаўшылар мәплерине жәнеде беккемленген түрде жуўап бериўге шараят жаратқан болар еди.

Сондай-ақ сенаторлардыңда сайлаўшылар менен ушрасыў тәртип

принциплерин белгилеўши қосымша 9 «1»-статьясын усы нызамға қосымша етип киргизиўди усынамыз, оның мазмуны төмендегише;

"Сенат ағзасы (сенатор) өзи сайлаған аймақ сайлаўшылары менен байланыста болып турады. Сенатта өз аймағы мәплерин билдиреди. Сенат ағзасы (сенатор) сайлаўшылардан түскен мурожаатларды нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте көрип шығады, оларды шешиў бойынша ис-илажларды көреди, пуқараларды қабыл етеди.

«Сенат ағзасы (сенатор) ўақты-ўақты менен, бирақ жылына кеминде үш мәрте жергиликли Кеңеслердиң бири менен ушрасады ҳәм жылына бир мәрте оларға есабат береди» Нызамшылыққа бундай қосымшаны киргизиўдиң усыныс етиўден мақсет - Сенат ағзаларының аймақлық ўәкиллик уйымы кадрлары екенлигин есапқа алып, олардың халық пенен, өзи сенатор болып сайланған аймақтың жергиликли Кеңеслери менен бирге ислесиўди жәнеде беккемрек тәмийинлейди.

Сенатор ҳәм депутатларға жүкленген ўазыйпалар кеңлиги себепли жүдә үлкен ўәкилликлер берилген, бирақ сол орында олардың қол қатылмаслығы жетерли дәрежеде тәмийинленбеген, әсиресе, олардың мәжбүрий социаллық қамсызландырылыўы сыяқлы экономикалық кепилликлер белгилениўи мақсетке муўапық болып табылады.

Депутатлардың материаллық тәмийнаты муғдарын белгилеўди тек ғана Нызамшылық палатасы депутатының өзи белгилеўди әмелге киргизиў тийис. Бул мақсетте болса, депутатлар хызметиниң социаллық-экономикалық кепилликлерин тәмийинлеўши жаңа норматив ҳүжжет қабыл етиў тийис.

Өзбекистан Республикасындағы барлық буўынлардағы ўәкиллик уйымлардың өз-ара қатнасықларын тәмийинлеўди тәртипке салыў мақсетинде Олий Мажлис Нызамшылық палатасы тәрепинен «Өзбекистан Республикасы ўәкиллик уйымларының өз-ара қатнасықлары ҳаққында»ғы жаңа нызамын қабыл етиўди усыныс етемиз.

## II-Бап. Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси депутатларының жумысын шөлкемлестириў тәртибиниң ҳуқықый тийкарлары.

### 2.1.Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң конституциялық ўәкилликлери.

Қарақалпақстан Республикасында нызам шығарыўшы ҳәкимият Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси тәрепинен әмелге асырылады. Жоқарғы Кеңес мәмлекеттиң ишки сиясатындағы тийкарғы бағдарларды анықлайды ҳәм олар үстиннен улыўма парламент қадағалаўын әмелге асырады.

Қарақалпақстан Республикасы Конституциясының 69-статьясына муўапық: «Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси аймақлық сайлаў округлеринен көп партиялық тийкарында 5 жыллық мүддетке сайланатуғын 65 депутатлардан ибарат. Сайлаў күнине 25 жасқа толған Қарақалпақстан Республикасы пуқаралары Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесине сайланыў ҳуқықына ийе»[1]-делинген.

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң ҳуқықый статусы Республика Конституциясының бесинши тараў, «Мәмлекетлик ҳәкимиятты шөлкемлестириў» XVII бабының 68-статьясында анықланған. Онда былай делинген: Нызам шығарыў ҳәкимиятын әмелге асыратуғын Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси жоқары мәмлекетлик уйымы болып табылады.

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң ҳәм оның уйымларының мәжилислерине Министрлер Кеңесиниң Баслығы ҳәм оның орынбасарлары, министрлер, мәмлекетлик комитетлердиң баслықлары, басқада мәмлекетлик басқарыў уйымларының басшылары, Конституциялық бақлаў комитетиниң баслығы, Жынаят ислери бойынша

[1] Қарақалпақстан Республикасының Конституциясы. Н.: «Қарақалпақстан»,2014, Б-23.

Жоқарғы Судының баслығы, Хожалық Судының баслығы, Пуқаралық ислери бойынша Жоқарғы Судының баслығы, Қарақалпақстан Республикасы Прокуроры қатнасыўы мүмкин.

Қарақалпақстан Республикасының Жоқарғы Кеңсинде нызам шығарыў басламасын көтерип шығыў ҳуқықы Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңсиниң депутатларына, Конституциялық бақлаў комитетине, Жынаят ислери бойынша Жоқарғы Судына, Хожалық Судына, Пуқаралық ислери бойынша Жоқарғы Судына, Қарақалпақстан Республикасы Прокурорына тийисли.

Нызамшылық басламасы ҳуқықы дегенимиз конституцияда белгиленген мәмлекетлик уйымлар, шөлкемлер ҳәм шахслардың нызам шығарыў уйымына нызамшылыққа тийисли усынысты яки нызам жойбарын усынис етиўдегидей субъектив ҳуқықына айтылады. Нызамшылық басламасы ҳуқықы субъектлери тәрепинен нызам жойбарын яки нызамшылыққа тийисли усынысты киргизиў тәртиби Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Регламентинде белгиленген. Оған муўапық: Нызам шығарыў басламасы ҳуқықы Қарақалпақстан Республикасының жаңа нызам жойбарларын, Қарақалпақстан Республикасының ҳәрекеттеги нызамларына өзгерислер ҳәм қосымшалар киргизиў ҳаққында нызам жойбарларын усыныў түринде әмелге асырылады. Нызам шығарыў басламасы ҳуқықына ийе болған уйымлар ҳәм депутатлардың усынислары тийкарында, Жоқарғы Кеңестиң комитетлери менен комиссиялары Жоқарғы Кеңес ҳәм оның Баслығының тапсырыўы бойынша Қарақалпақстан Республикасы Нызам жойбарын ислеп шығады. Нызам шығарыў басламсы ҳуқықына ийе болмаған мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик уйымлардан ямаса айырым пуқаралардан келип түскен нызамларының жойбарлары ямаса нызам шығарыў усынислары нызам шығарыў басламасы ҳуқықына ийе болған уйымлар ҳәм депутатлар арқалы Жоқарғы Кеңеске усынылыўы мүмкин. Жоқарғы

Кеңестиң қарары бойынша ең әҳмийетли нызам жойбарлары улыўмахалықлық даўыс бериўге (референдумға) қойылыўы мүмкин.

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси нызамлар, қарарлар ҳәм басқада актлер қабыл етеди. Нызамды қабыл етиў ушын Жоқарғы Кеңес депутатларының көпшилик даўысы талап етиледи. Республика нызамларын ҳәм парламенттиң басқа да нормативлик актлерин баспа сөзде жәриялаў оларды қолланыўдың миннети шәрти болып табылады.

Қарақалпақстан Республикасы Конституциясының 70-статьясында, сондай-ақ «Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси ҳаққында»ғы Қарақалпақстан Республикасының Нызамы қабыл етилди. Бул нызамға 2000-жыл 27-сентябрь; 2003-жыл 12-ноябрь; 2004-жыл 29-май; 2004-жыл 9-октябрь; 2006-жыл ҳәм 2011 жыллары өзгерис ҳәм қосымшалар киргизилди[1]. Усы нызамның 4-статьясынада Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң ўәкилликлери көрсетилген. Оған муўапық:[2] Карақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Республикасы Конституциясына муўапық өз ўәкилликлерине тийисли кәлеген мәселени карап шығыўға ҳақылы. Карақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң айрықша ўәкилликлерине төмендегилер киреди:

Қарақалпақстан Республикасының Конституциясын ҳәм нызамларын қабыл етиў, оған өзгерислер ҳәм қосымшалар киргизиў; Қарақалпақстан нызамларына түсиник бериў; экономикалық ҳәм социаллық раўажланыўдың мәмлекетлик стратегиялық бағдарламаларын қабыл етиў; Жоқарғы Кеңесиниң Баслығы ҳәм оның орынбасарын сайлаў; Жоқарғы Кеңесиниң Президиумын дүзиў; Жоқарғы Кеңеси Баслығының усыныўы бойынша Өзбекстан

---

[1] Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң «Хабарнамасы», №4, 2011-жыл, 57-б.

[2] «Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси ҳаққында» Қарақалпақстан Республикасының (жаңа редакцияда) нызамы. 1998-жыл, 29-январь. №322/1.

Республикасы Президентиниң келисими мененн Министрлер Кеңесиниң Баслығын тайынлаў ҳәм лаўазымнан босатыў; Министрлер Кеңеси Баслығының орынбасарлары ҳәм Министрлер Кеңесиниң ағзалары лаўазымына тайынлаў ҳәм босатыў, министрликлерди, мәмлекетлик комитетлерди ҳәм басқа да мәмлекетлик басқарыў уйымларын дүзиў ҳәм сапластырыў; Конституциялық бақлаў комитетин, Пуқаралық ислер бойынша Жоқарғы судың, Жынаят ислери бойынша Жоқарғы судың, Хожалық судың сайлаў; пуқаралық ҳәм жынаят ислери бойынша районлар аралық, районлық, қалалық судларының судьяларын тайынлаў ҳәм лаўазымынан босатыў; Жоқарғы Кеңес Президиумының усынысы бойынша Өзбекстан Республикасы Бас прокурорының келисими мененн Республика Прокурорын тайынлаў ҳәм лаўазымынан босатыў; Тәбиятты қорғаў бойынша мәмлекетлик комитетинин баслығын тайынлаў ҳәм лаўазымынан босатыў; халық депутатлары жергиликли кеңеслеринин шешимлерин тоқтатып қойыў ҳәм бийкарлаў; ҳәкимшилик-аймаклық дүзилис мәселелерин нызамлар менен ретлестириў; республикалық ҳәм жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымларының системасын ҳәм ўәкилликлерин белгилеў; Министрлер Кеңесиниң усынысы мененн Республиканың мәмлекетлик бюджетин тастыйықлаў ҳәм оның орынланыўы бойынша есабатларын тастыйықлаў; Республиканың мәмлекетлик сыйлықларын ҳәм хүрметли атақларын шөлкемлестириў; Жоқарғы Кеңеске ҳәм жергиликли ўәкилликли уйымларға сайлаўлар белгилеў; Орайлық сайлаў комиссиясын дүзиў; Өзбекстан Республикасының жоқары мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў уйымлары актлериниң Өзбекстан Республикасы Конституциясына муўапықлығы хаққында Өзбекстан Республикасы Конституциялық судыңа усыныслар бериў.

Сондай-ақ «Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси ҳаққында»ғы Қарақалпақстан Республикасы Нызамының 4-статьясына муўапық өз ўәкилликлерине тийисли қәлеген мәселени қарап шығыўға ҳақылы. Жоқарғы Кеңеси елимиздиң социаллық-экономикалық раўажланыўы, оны әмелге асырыў мақсетинде тийисли жаңа нызамлар, әҳмийетли қарарлар қабыл етиў бойынша кең көлемдеги жумысларды алып барады.

Жоқарғы Кеңестиң жумысы Қарақалпақстан Конституциясында ҳәм Жоқарғы Кеңесиниң Регламентинде белгиленген тәртипке әмелге асырылады[1]. Соның мененн бирге Жоқарғы Кеңеси жумысын шөлкемлестириў тәртиби «Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси ҳаққында»ғы нызамның 6-статьясында[2] да анықланған. Оған муўапық Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси жумысын шөлкемлестириўши түри сессия болып табылады. Жоқарғы Кеңестиң сессиясы оның мәжилислеринде ашылады ҳәм жабылады.

Жоқарғы Кеңестиң сессияны оның мәжилисллеринен, сондай-ақ Жоқарғы Кеңес Президиумының, комитетлериниң, комиссияларының ҳәм басқа да уйымларының сессия аралығында өткерилетуғын мәжлислеринен ибарат. Жоқарғы Кеңестиң сессиясы жылына кеминде еки рет шақырылады. Жоқарғы Кеңестиң сайлаўлардан кейинги биринши мәжлиси сайлаўлардан соң еки айдан кешиктирилместен Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен шақырылады.

Жоқарғы Кеңестиң биринши сессиясының дәслепки Орайлық сайлаў комиссиясының баслығы тәрепинен ашылады ҳәм Жоқарғы Кеңес Баслығын сайланғанға шекем алып барылады. Жоқарғы

---

[1] Қарақалпақстан Республикасының Конституциясы. Н.: «Қарақалпақстан», 2014, 24б.
[2]«Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси ҳаққында» Қарақалпақстан Республикасының (жаңа редакцияда)Нызамы. 1998-жыл, 29-январь. №322/1

Кеңестиң мәжлиси, оған барлық депутатларының улыўма санының кеминде үштен екиси қатнасса толық ҳуқықлы болып табылады.

Жоқарғы Кеңестиң ҳәм оның уйымларының мәжлислеринде Өзбекстан Республикасының Президенти, Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси палаталарының басшылары ҳәм орынбасарлары, Министрлер Кеңесиниң Баслығы, орынбасарлары ҳәм ағзалары, Конституциялық бақлаў комитетиниң баслығы, орынбасары ҳәм ағзалары, Қарақалпақстан Пуқаралық ислер бойынша Жоқарғы судының ҳәм Жынаят ислери бойынша Жоқарғы судының, Хожалық судының баслықлары, Прокурор қатнасыўға ҳуқықлы.

Жоқарғы Кеңестиң гезексиз сессияда шақырылыўы мүмкин. Ол Жоқарғы Кеңес Баслығының ямаса Жоқарғы Кеңеси депутатларының кеминде үштен бириниң усынысы бойынша шақырылады. Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Регламентин тастыйықлады ҳәм қабыл етилген ўақтынан баслап ҳәрекетге енгизди[1]. Бул ҳуқықый ҳүжжетте Жоқарғы Кеңестиң жумысын шөлкемлестириў тәртиби ҳәм оның актлерин қабыл етиў мәселелери және де айқынластырылды. Мысалы, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси ҳаққындағы нызамда бул мәселелерге 6,7,1,9,10,11,12 статьялар яғный жети статья бағышланған болса, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң регламентинде 4-63 статьялар, яғный-59 статья арналған. Жоқарғы Кеңес ҳәм оның уйымларының жумыс тәртибин белгилеўши ҳуқықый ҳүжжет болған «Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Регламентиниң қабылланыўы, оның тийкарғы мақсети парламент жумысын жетилистириў ҳәм демократиялық принциплерге муўапықластырылыўын толық тәмийинлеўден ибарат болды. Бул ҳүжжеттиң қабылланыўы Жоқарғы Кеңестиң республиканы

---

[1]Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң «Хабарнамасы» №4, 2006-жыл, 139-б.

басқарыўдағы тутқан орнын буннан былай да беккемлеп, оның нызамшылық ҳүжжетлеринде белгиленген ҳуқықлары ҳәм ўазыйпаларын тосқынлықсыз ҳәм нәтийжели әмелге асырылыўына шараят жаратып берди. Мысалы: онда Жоқарғы Кеңес сессиясын шақырыў, оның қарап шығыўына усынылатуғын мәселелер ҳаққындағы Жоқарғы Кеңес Президиумының қарары, алдын ала Жоқарғы Кеңес депутатларының ҳәм жәмийетшиликтиң дыққатына жеткериледи деп белгиленди.

Жоқарғы Кеңес сессиясын басқарыўшы сессия мәжлисин ашады ҳәм жабады, баянатлар мененн шығып сөйлеўлер ушын сөз береди, нызамлардың, Жоқарғы Кеңес Президиумы қарарларының, басқа да актлериниң жойбарларын, мәжлисте қаралатуғын мәселелер бойынша депутатлардың усынысларын даўысқа қояды ҳәм даўыс бериўдиң нәтийжелерин жәриялайды. Жоқарғы Кеңес депутатларының талапнамаларын, Жоқарғы Кеңес сессиясының Президиумына ямаса аппаратына келип түскен мәлимлемелерди, арзаларды ҳәм усынысларды оқып еситтиреди. Мәжлислер барысында тәртипти тәмийинлейди ҳәм протоколына қол қояды[1].

«Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси ҳаққында»ғы нызамына муўапық, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Регламентиниң 120-статьясына муўапық, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң, оның Президиумының, комитетлери ҳәм комиссиясының жумысына хызмет көрсетиў Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Аппараты тәрепинен тәмийнленеди.

Жоқарғы Кеңес мәжлислерине Жоқарғы Кеңестиң Баслығы тәрепинен шақырылған мәмлекетлик ҳәм басқа да уйымлар мененн шөлкемлер, мийнет жәмәәтлери, илимий мәкемелер. ғалаба хабар қураллары ўәкиллери ҳәм басқа да лаўазымлы шахслар қатнасыўы

[1] С.Д.Ниетуллаев. Қарақалпақстан Республикасының Конституциялық ҳуқықы. Н.: «Қарақалпақстан» , 2005, 114-б.

мүмкин. Шақырылған шахслар Жоқарғы Кеңестиң жумысына араласыў ҳуқықына ийе емес. Олар тәртипти сақлаўы ҳәм басқарыўшының талапларына бойсыныўы шәрт. Олар ушын арнаўлы орынлар ажыратылады.

Жоқарғы Кеңестиң ашық мәжлислери оның шешими бойынша телевидение ҳәм радио арқалы халық ушын қолайлы ўақытта бериледи. Жоқарғы Кеңестиң мәжлислери ҳаққындағы мәлимлемелер ғалаба хабар қураллары арқалы жәрияланады.

Өзбекстан Республикасы Президенти, Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси палаталарының басшылары Жоқарғы Кеңес мәжлислеринде қәлеген ўақытта сөз алыўға ҳуқықлы.

Жоқарғы Кеңестиң сессиялар аралығында жумысын шөлкемлестириў ҳәм басқа да ўәкилликлерин әмелге асырыў ушын Жоқарғы Кеңес сессиясында Жоқарғы Кеңестиң Президиумы дүзиледи ҳәм тастыйықланады. Президиум қурамына Жоқарғы Кеңестиң Баслығы, оның орынбасары, Жоқарғы Кеңестиң комитетлери ҳәм комиссияларының баслықлары, Жоқарғы Кеңестеги депутатлар фракциялары басшылары киреди. Оның ўәкиллиги Жоқарғы Кеңес ўәкиллигиниң мүддетине тең. Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң актлери ҳаққында айтатуғын болсақ ол Қарақалпақстан Республикасы Конституциясын, нызамларын, қарарларды ҳәм басқа да актлерди қабыл етеди. Қарақалпақстан Республикасының Конституциясы, Конституцияға өзгерислер ҳәм қосымшалар киргизиў ҳаққындағы нызамлар Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси депутатларының улыўма санының үштен екисинен кем болмаған көпшилик даўысы мененн қабыл етиледи.

Жоқарғы Кеңеси Қарақалпақстан Конституциясына өзгерислер ҳәм қосымшалар киргизиў ҳаққындағы нызамның кең

түрде додаланыўын есапқа алып, тийисли усыныс болғаннан кейин алты ай даўамында оны қабыл етиўге ҳақылы. Егер Жоқарғы Кеңес Конституцияға өзгерис киргизиў ҳаққындағы усынысты қайтарса, кем дегенде бир жылдан соң оны қайталаўға болады.

Нызамлар, қарарлар ҳәм басқа да актлер Жоқарғы Кеңес депутатларының көпшилик даўысы мененн қабыл етиледи. Жоқарғы Кеңестиң актлерди қабыл етиў тәртиби Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Регламенти мененн белгиленеди. Жоқарғы Кеңестиң актлерин жәриялаў ҳәм оларды өз күшине енгизиў нызам мененн белгиленеди. Жоқарғы Кеңес ҳәм оның Президиумы Қарақалпақстан Республикасы нызамлары Жоқарғы Кеңестиң басқа да актлериниң орынланыўын қадағалаўды әмелге асырады.

Сондай-ақ парламент хызметинде жәмәәт пикирин есапқа алыў, ең алды менен оны жетилистириў талап етиледи. Сол себепли депутатлардың қол қатылмаслығы оларға парламент хызметиниң барлық мәселелери бойынша ашық ҳәм критикалық пикир билдириў имканиятын тәмийнлейди. Жоқарғы Кеңес сессияларды, сессия аралығында жумысын ашық өткизиў, яғный ғалаба хабар қуралларында оның күн тәртибине қойылып атырған мәселерди алдыннан кең ен жайдырып бериў жәмәәтшилик пикирин жетилистириўге қолай имканият жаратады.

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси ҳәм оның депутатлары жумысының шөлкемлестириўшилик, мәлимлемелик, материаллық-техникалық тәмийнлениўи Жоқарғы Кеңестиң Аппараты тәрепинен әмелге асырылады. Жоқарғы Кеңес Аппараты юридикалық шахс болып есапланады. Жоқарғы Кеңестиң Аппаратының жумысы, оның хызметкерлериниң ҳуқықлары, миннетлери ҳәм жууапкершилиги Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Президиумының 3 март 2010-жылы №13 қарары мененн тастыйықланған «Қарақалпақстан

Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Аппараты ҳаққында»[1]ғы Реже 2010-жылы 22-март күни Жоқарғы Кеңес Баслығы тәрепинен қабыл етилген ҳүжжетке муўапық әмелге асырылады.

## 2.2.Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси депутатларының ҳуқықлары, миннетлери ҳәм кепилликлери.

Қарақалпақстан Республикасы мәмлекетлик ҳәкимияттың нызам шығарыўшы ҳәм басқа ўәкиллик уйымларына тиккелей өз ўәкиллерин депутатларын сайлайды. Депутат тийсли мәмлекетлик ҳәкимият уйымларында, ең алды менен сайлаған халықтың, сондай-ақ өзин депутатлыққа талабан етип көрсеткен сиясий партиялар, ҳәкимият ўәкиллик уйымлары, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары мәплерин көрсетеди.

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесине сайланған ҳәм «Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесине сайлаў ҳаққында»ғы Қарақалпақстан Республикасы Нызамына муўапық Қарақалпақстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен дизимге алынған Өзбекистан Республикасы пуқарасы депутат болып есапланады[2].

Қарақалпақстан Республикасы Конституциясының 69-статьясына муўапық: «Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси – аймақлық сайлаў округлеринен көп партиялық тийкарында 5 жыллық мүддетке сайланатугын 65 депутаттан ибарат. Сайлаў куни 25 жасқа толған Өзбекистан Республикасы пуқаралары Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесине сайланыў ҳукықына ийе.Депутатлыққа талабанларға қойылатуғын талаплар нызам менен белгиленеди»[3] - делинген.

Депутаттың ҳуқықый статусы – оның нызамшылықта белгиленген ҳуқықлары жәнe де ўазыйпаларының бир путин жыйындысы.

[1] Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң «Хабарнамасы», №1, 2010-жыл, 179-б.
[2]«Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси депутатының статусы ҳаққында» Қарақалпақстан Республикасының Нызамы. 14-май 2015-жыл.
[3] Қарақалпақстан Республикасының Конституциясы, Н.: "Қарақалпақстан", 2014-жыл 23- Б.

Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен дизимге алынған Өзбекистан Республикасы пуқарасы депутат болып есапланады.

Депутатлар пуқаралар тәрепнен тиккелей сайланады. Депутатлар өзлери сайланған уйымлар арқалы мәмлекетлик ҳәкимиятты әмелге асырыўда қатнасады. Қарақалпақстан Республикасы Конституциясының 78-статьясына муўапық: «Қарақалпақстан Республикасының Жоқарғы Кеңеси депутатларының жумысы менен байланыслы қәрежетлери белгиленген тәртипте өтеледи. Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесинде ҳәм оның уйымларында турақлы тийкарда ислейтуғын депутатлар өз ўәкиллери дәўиринде ҳақы төленетуғын баска бир лаўазымды ийелеўи, исбилерменлик жумыс пенен шуғылланыўы мүмкин емес»[1] - делинген. Усы конституциялық норманы талықлаўда соны көрсетиў керек, конституциялық ҳуқықта депутаттың ҳуқықый статусы индемнитет ҳәм иммунитет түсиниклери арқалы характерленеди.

«Индемнитет» дегенде, әдетте, депутатқа парламент теги жумысы ушын түрли хошаметлеўлер берилиўи түсиниледи, бунда ең алды мененн профессионал парламент хызмети ушын ҳақ төлемлери ажратылыўы нәзерде тутылады. Депутатлар Жоқарғы Кеңес сессияларында оның Президиумы, комитетлери ҳәм комиссияларының мәжлислеринде қатнасыў ўақтында, сон дай-ақ Жоқарғы Кеңес тапсырмаларын орынлаў мақсетинде сапарда болван ўақытларда тийкарғы жумыс орынларындағы орташа ис ҳақы сақланады, оларға суткалық пул төленеди жәнe де мийманханада турыў менен байланыслы қәрежетлер қапланады. Депутатлар исбилерменлик хызмети мененн шуғылланыўы мүмкин емес.

Депутаттың тийкарғы ўазыйпасы парламенттиң нызам шығарыўшы хызметинде белсенди қатнасыў. Ол мине усы нызам дөретиўшилиги процес сине жоқарыда көрсетилген мәплерди билдиреди. Қарақалпақстан

[1] Қарақалпақстан Республикасының Конституциясы, Н.: “Қарақалпақстан”, 2014-жыл 26-Б.

Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң депутатлары республикада нызам шығарыўшы ҳәкимиятты әмелге асырыўда, яғный нызам жойбарларын таярлаўда, оларды комитет ҳәм комиссиялар және де сессия мәжлислеринде талықлаўда, нызамларда қабыл етиўде қатнасады.

«Иммунитет» - депутаттың қол қатылмаслығы, яғный депутатлық искерлигиниң ең әҳмийетли кепилликлериниң ҳуқықый көриниси. Иммунитет депутаттың жууапкершиликке тартылмаслығы ҳәм қол қатылмаслығын билдиреди.

Депутаттың жуўапкершиликке тартылмаслығы оның сөз ҳәм даўыс бериў еркинлигинде сәўлеленип, мәниси сонда, парламент депутаты жоқары ўәкиллик уйым мәжлислеринде билдирген пикири ҳәм берген даўысы ушын жуўапкершиликке тартылмайды. Ал жуўапкершиликке тартылмаслық депутат ушын жеңиллик емес, ал халықтың мәплерин көрсетиўдеги жуўапкершилиги.

Карақалпақстан Республикасы Конституциясы депутатлық иммунитетти нәзерде тутыўшы норманы беккемлейди: «Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң депутаты қол қатылмаслық ҳуқықынан пайдаланады. Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң келисимисиз ол жынаый жуўапкершиликке тартылыўы қамаққа алыныўы ямаса оған суд тәртибинде берилетуғын ҳәкимшилик жаза шаралары қолланылыўы мүмкин емес»[1] – делинген. Усы конституциялық норма Жоқарғы Кеңес депутатының абырайы ҳәм ар-намысын, шахсын қорғаў мақсетинде оның усы юридикалық жуўапкершиликке тартылмаслығын нәзерде тутады. Демек жоқарыдағы нормаға муўапық депутат өз ўәкиллери мүддетинде лаўазымына қол қатылмаслық ҳуқықына ийе болады. Депутатты қол қатылмаслық ҳуқықынан айырыў ҳаққындағы мәселе Өзбекистан Республикасы Бас Прокурорының ямаса

---

[1] Қарақалпақстан Республикасының Конституциясы, Н.: “Қарақалпақстан”, 2014-жыл 26-Б.

Қарақалпақстан Республикасы Прокурорының усынысына муўапық Жоқарғы Кеңес тәрепинен он күн ишинде шешиледи. Сенатор етип сайланған депутатты қол қатылмаслық ҳуқықынан айырыў мәселеси «Өзбекистан Республикасы Олий Мажлис Нызамшылық палатасы ҳәм Сенаты ағзасының статусы ҳаққында»ғы Өзбекистан республикасы Нызамыда белгиленген тәртипте шешиледи.

Өзбекистан Республикасы Бас Прокурорының ямаса Қарақалпақстан Республикасы Прокурорынын депутатты жынаый жуўапкершиликке тартыў, иркиўге алыў, қамаққа алыў ямаса суд тәртибинде берилетуғын ҳәкимшилик жазаны қолланыўға келисим алыў ҳаққындағы усынысы Жоқарғы Кеңес тәрепинен арап шығылады, Жоқарғы Кеңес сессиялары аралығындағы дәўиринде оның Президиумы тәрепинен арап шығылып, Президиумның усы мәселеге тийисли қарары кейин ала Жоқарғы Кеңес сессиясында тастыйықланады.

Жоқарғы Кеңестиң ямаса оның Президиумының депутатты қол қатылмаслық ҳуқықынан айырыўға ке лисим бериў мәселесине байланыслы қарары Өзбекистан Республикасы Бас Прокурорына ямаса Қарақалпақстан Республикасы Прокурорына жибериледи.

Депутатты қол қатылмаслық ҳуқықынан айырыўға келисим алған Өзбекистан Республикасы Бас Прокуроры ямаса Қарақалпақстан Республикасы Прокуроры ис жүргизиў тамамланған күннен баслап үш күн мүддет ишинде Жоқарғы Кеңеске исти тергеў, судта қарап шығыў нәтийжелери ҳаққында хабар етиўи шәрт.

Жокарғы Кеңес депутатты қол қатылмаслық ҳуқықынан айырыўға ке лисим бериўден бас тартыўы оған байланыслы жынаый исти жүргизиўди ямаса суд тәртибинде берилетуғын ҳәкимшилик жазаны нәзерде тутатугын ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққында исти жүргизиўге жол қойылмайтуғын ҳәм бундай servislerди

есапланады. Тийисли исти тоқтатыў ҳаққындағы қарар тек ғана жаңадан анықланған жағдайлар бар болса ғана бийкар етилиўи мүмкин[1].

Депутатлық искерлигиниң бундай кепили депутат болған шахстың жынаый яки ҳәкимшилик тәризде тийкарсыз жуўапкершиликке тартылыўдың алдын алыўға қаратылған.Бирақ буны депутатты усы жазадан қутқарыў қуралы деп. түсинбеў керек. Егер әпиўайы пуқараның жуўапкершиликке тартылыўы себеплерин ҳәр тәреплеме тексерип көриў лазым болса, депутатқа қарата бул исти жәнеде тереңрек ҳәм тийкарлы түрде әмелге асырыў лазым.

«Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси депутатының статусы ҳаққында» Қарақалпақстан Республикасының Нызамының 10-статьясына муўапық: “Ҳәр бир депутатқа өз ўәкилликлерин тосқынлықсыз ҳәм нәтийжели әмелге асырыў ушын жағдайлар кепилленеди, оның ҳуқықлары ҳәм ар-намысы қорғалады. Депутаттың абырайы ҳәм ар-намысына тийген шахслар нызамға муўапық ҳәкимшилик, жынаый ямаса басқа да жуўапкершиликке тартылады. Депутаттың намысына тийиў, сон дай-ақ оған жала жабыў нызамда белгиленген жуўапкершиликке алып келехи.

Депутатлық ўәкилликлерди әмелге асырыўға тосқынлық етиў мақсетинде депутатқа қандай тәризде болмасын тәсир жасаўға жол қойылмайды. Депутат алдындағы өз ўазыйпаларын орынламайтуғын, оның жумысына тосқынлық жасайтугын, биле тура оған жалған мағлыўмат беретуғын, депутат жумысының кепилликлерин бузатуғын лаўазымлы шахслар нызам ҳүжжетлерине муўапық жуўапкер болады»[2] – делинген.

Депутаттың ҳуқықый статусы тийисли мәселелерден және бири Қарақалпақстан Республикасы Конституциясының 75-статьясыда көрсетилген. Оған муўапық, парламент депутаты Жоқарғы Кеңесте нызам

---

[1] Қарақалпақстан Республикасы Конституциясына түсиндирме. Н.: “Билим”, 90-Б.

[2] «Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси депутатының статусы ҳаққында» Қарақалпақстан Республикасының Нызамы. 14-май 2015-жыл.

шығарыў басламасын көтерип шығыў ҳуқықына ийе, яғный ол өзи яки басқа депутатлар мененн биргеликте Жоқарғы Кеңес нызам жойбарларын яки нызамшылыққа тийисли усынысларды береди.

«Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси депутатының статусы ҳаққында»ғы Қарақалпақстан Республикасының Нызамында депутатлардың статусы, ең әҳмийетли ўәкилликлери ҳәм депутатлық искерлигиниң кепилликлери беккемленген. Депутатлар өз искерлигин Конституция ҳәм нызамларға муўапық, тийисли сайлаў алды дәстүрлери тийкарында шөлкемлестиреди. Депутатлардың ўәкилликлери олардың ҳәкимият ўәкиллик уйымларына сайланған күннен басланады.

«Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси депутатының статусы ҳаққында»ғы Қарақалпақстан Республикасының Нызамының екинши бабында депутаттың ҳуқық ҳәм миннетлери көрсетилген. Усы нызамның 5-статьясына муўапық, Депутат:

Жоқарғы Кеңестиң комитетлери ҳәм комиссияларына сайлаў ҳәм сайланыўға;

Жоқарғы Кеңес сессияларында қарап шығыў ушын мәселелер усыныўға;

Жоқарғы Кеңес сессиясының күн тәртиби, додаланып атырған мәселелерди, қарап шығыў тәртиби ҳәм бул мәселелердиң әҳмийети бойынша усынислар киргизиў ҳәм пикир билдириўге;

қарар жойбарлары ҳәм оларға дүзетиўлер киргизиўге;

Жоқарғы Кеңес тәрепинен дүзилетуғын комитетлердиң ҳәм комиссиялардың жеке қурамы ҳәм сайланатуғын, тайынланатуғын ямаса тастыйықланатуғын лаўазымлы шахслардың кандидатуралары бойынша пики билдириўге;

додалаўға қатнасыўға, баянатшы ҳәм басқарыўшыға сораўлар бериўге;

депутат сораўы менен мүрәжат етиўге;

өз усынысларын тийкарлап бериў ушын сөзге шығыўға ҳәм даўыс бериў себеплери бойынша түсиник бериўге;

Жоқарғы Кеңес сессиясын басқарыўшыға додаланып атырған мәселе бойынша өз сөзи, усынысы ямаса пикириниң текстин тапсырыўға;

өзи ағза болған Жоқарғы Кеңес комитетлериниң ҳәм комиссияларының қарарына қосылған жағдайда өз көз қарасын сессия мәжлисинде баян етиўге ямаса бул ҳаққында Жоқарғы Кеңес Баслығына жаба рәўиште билдириўге;

Жоқарғы Кеңес есап бериўши ямаса оның қадағалаўы астындағы ҳәр қандай уйым ямаса лаўазымлы шахстың есабаты яки мәлимлемесиниң сессия мәжлислеринде тыңлаў ҳаққында усыныс киргизиўге;

Өзбекистан ҳәм Қарақалпақстан Республикасы нызамларының орынланыўы, сондай-ақ Жоқарғы Кеңес қарарларының орынланыўын тексериў ҳаққында қарап шығыў ушын мәселелер киргизиўге;

сессия мәжлислериниң стенограммалары менен танысыўға;

пуқаралардың ҳуқықлары ҳәм нызам менен қорғалатуғын мәплерин бузыў жағдайлары ямаса нызам ҳүжжетлерин бузыўдың басқа жағдайлары анықланған жағдайда оларға шек қойыў шараларын көриў талабы менен тийисли уйымларға ҳәм лаўазымлы шахсларға мүрәжат етиўге ҳақлы;

Депутат усы статьяның биринши ҳәм екинши бөлимлеринде нәзерде тутылған ҳуқықлардан тысқары, нызамшылық басламасы ҳуқықына ийе ҳәмде Жоқарғы Кеңестиң депутатлар бирлеспеси жумысына қатнасыў ҳуқықына ийе.

Депутат нызамларға муўапық басқа ҳуқықларға да ийе болыўы мүмкин[1]. Ҳәр бир депутат өз депутатлық искерлиги дәўиринде өзин депутатлыққа талабан етип көрсеткен сиясий партиялар, сайлаўшылар

---

[1] «Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси депутатының статусы ҳаққында» Қарақалпақстан Республикасының Нызамы. 14-май 2015-жыл.

менен турақлы рәўиште байланыста болады, тийисли ҳәкимияттың ўәкиллик уйымларында олардың мәплерин билдиреди, сайлаўшылар алдында жуўапкерли. Депутатлар Жоқарғы Кеңестиң комитетлериниң, комиссияларының жумысында белсенди қатнасыўын тәмийинлейтуғын барлық ҳуқықларға ийе. Жоқарғы Кеңес депутаттың өз искерлиги ҳаққындағы, қабыл етилген қарарлар ҳәм өзине берилген тапсырмаларды қандай орынлағанлығы ҳаққындағы мәлимлемени тыңлаўға ҳақлы.

Депутат өзине сайлаўшылардан келип түскен мүрәжатларды нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте қарап шығады, оларды шешиў илажларын көреди, пуқараларды қабыллайды. Депутат ўақты ўақты мененн, лекин жылына кеминде бир марте сайлаўшыларға өз жумысы ҳаққында мағлыўмат береди. Депутатқа сайлаўшылар менен алып барылатуғын жумыслар ушын Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Регламентинде белгиленетуғын тәртипте анық бир күнлер ажратылады.

Сайлаўшылар менен ушрасыўлар өткериў ушын депутатқа зәрүр шараятлар тәмийинленеди. Атқарыўшы ҳәкимият уйымлары оның өтиниши бойынша жай ажратылыўын шөлкемлестиреди, депутаттың сайлаўшылар менен ушрасыўлары өткерилетуғын, депутат тәрепинен пуқаралар қабыл етилетуғын ўақыт ҳәм орын ҳаққында пуқаралар хабар береди, қабыллаў ҳәм ушрасыўларда қатнасыў ушын депутаттың усынысына муўапық өзлериниң жуўапкер ўәкиллерин жибереди, сондай-ақ депутаттың орынлардағы жумысына көмеклесиў бойынша басқа да белгиленген тәртипте шақыртып алыныўы мүмкин.

Депутат өз ўәкилликлерин әмелге асырыўда гуўалығын көрсетип, республика аймағындағы кәрханалар, мекемелер ҳәм шөлкемлерге тосықсыз кириў ҳуқықынан, сон дай-ақ олардың басшылары және де басқа лаўазымлы шахслары тәрепинен дәрҳал қабыл етил ҳуқықынан пайдаланады.

Депутат Жоқарғы Кеңес сессияларында, сондай-ақ Жоқарғы Кеңестиң қайсы комитети, комиссиясы қурамына сайланған болса, усы комитет, комиссияның мәжлислеринде белгиленген тәртипте жеке өзи қатнасыўы шәрт. Жоқарғы Кеңес сессиясында, комитет ҳәм комиссия мәжлислеринде қатнасыў имканияты болмаған жағдайда депутат бул ҳаққында Жоқарғы Кеңеске, комитет, комиссия баслығына алдын ала хабар етиўи шәрт.

Депутат әдеп.-икрамлық қағыйдаларына қатаң бойсыныўы шәрт. «Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси депутатының статусы ҳаққында»ғы Қарақалпақстан Республикасының Нызамының 9-статьясы депутатлық әдеплилигине арналған. Оған муўапық: «Депутат әдеплилик қәделерине қатаң бойсыныўы шәрт. Депутаттың өз статусынан пуқаралардың, жәмийет ҳәм мәмлекеттиң нызамлы мәплерине зыян келтиретуғын тәризде пайдаланыўға пайдаланылыўына жол қойылмайды. Депутатлық әдеплилик бузылған жағдайда депутаттың жүрис-турысы ҳаққындағы мәселе Жоқарғы Кеңеси тәрепинен ямаса оның тапсырмасына муўапық Жоқарғы Кеңестиң тийисли комиссиясы тәрепинен қарап шығылыўы мүмкин»[1] - делинген.

Соны айрықша көрсетиў керек, Қарақалпақстан Республикасы нызамшылығына муўапық Жоқарғы Кеңес депутаты ўәкиллик мүддети алдын тамамланыўыда мүмкинлиги белгиленген. Яғный, депутаттың ўәкилликлери төмендеги жағдайда мүддетинен бурын төктатылады:

- ол өз ўәкилликлерин тоқтатыў ҳаққында жаба арза берген жағдайда;

- ол нызамға муўапық депутаттың ўәкилликлерин әмелеге асырыўға сәйкес келмейтуғын лаўазымға сайланған яки тайынланған жағдайда;

---

[1] «Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси депутатының статусы ҳаққында» Қарақалпақстан Республикасының Нызамы. 14-май 2015-жыл.

- оның қарсысына судтың айыпланыў ҳүкими нызамлы күшине киргизген жағдайда;

- ол шақыртып алынған жағдайда;

- суд суд тәрепинен қатнасықларға уқыпсыз деп табылған жағдайда;

- ол судтың нызамлы күшине кирген карары тийкарында дерексиз жоғалған деп табылған, ямаса қайтыс болван деп жәрияланған жағдайда;

- ол қайтыс болған жағдайда;

Айрым жағдайларда депутаттың ўәкилликлери Жоқарғы Кеңестиң қарарына муўапық мүддетинен бурын тоқтатылыўы мүмкин. Депутат деген жоқары ата дақ түсириўши жүрис-турысы бундай мәселени крип шығыў ушын тийкар болыўы мүмкин.

Каракалпакстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси депутатларының искерлигин жетилистириў мәмлекет ҳәм жәмийет қурылысын еркинлестириў процессинде зәрүр әҳмийетке ийе. Бул мәселе ҳәзирги күн менен де ертеңги келешегимиз бенен де тығыз байланыслы.

Изетлеўде қойылған мақсет ҳәм ўазыйпалардан келип шығып, диссертацияны қорғаў мәселесинде бул бап бойынша төмендеги жуўмақ ҳәм усынысларға келинди:

Өзбекстан Республикасы Конституциясының нормаларына киргизилген соңғы өзгерислер ҳәм қосымшаларға муўапық исенимсизлик вотумы нормасы енгизилди. Усыннан келип шығып, Қарақалпақстан Республикасы Конституциясынада өзгерислер ҳәм қосымшалар киргизилип, Жоқарғы Кеңестиң депутатларының ўәкилликлерине де Қарақалпақстан Республикасының ҳүкиметине исенимсизлик вотумы жәрия етиў киргизилсе мақсетке муўапық болар еди.

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси депутатлары тәрепинен белгили бир мәселелер бойынша даўыс бериў процессинде

қолланылатуғын «бийтәреп» тәртибин бийкар етиў ҳәм де усы қағыйданы Каракалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Регламентиниң ҳаққындағы Нызамда беккелеў лазым. Себеби парламентте хызмет көрсетип атырған депутаттың қабыл етип атырған нызамларға яки додаланып атырған мәселелерге қарата өзиниң анық қарарын билдириўи лазымлығы талап етиледи. Сондай-ақ депутатлар ҳәр бир тараў бойынша жетерли билимге ийе болған ҳалда мәлим бир мәселедеги өз пикирлерин анық түрде билдириўлери керек.

Қарақалпақстан Республикасы депутатларының өзиниң сайлаў округиндеги ушрасыўлары Қарақалпақстан Республикасынан сайланған сенат ағзалары, жергиликли Кеңеслер депутатлары мененн биргеликте әмелге асырыўлары, сайлаўшылар мененн болып өткен ҳәр бир ушрасыў ҳәм олардың нәтийжелерин өз ўақтында толық рәсмийлестириў ҳәм де олардың рәсмий есабатлары системасын жаратыў лазым. Қалаберсе, ушрасыўлар процессинде район, қала ҳәкимиятының ўәкили, тийисли мекемелер басшылары, соннан газ, электр энергия, жол қурлысы, ишимлик суўы мекемелериниң басшылары, җәне де басқа шөлкем басшыларының жыйналысларда, қатнасыўлары ушрасыўлардың сапалығын асырыўға тәсирин көрсетеди.

Парламент сораўы бир топар депутатлар тәрепинен жиберилгенде парламент сораўын жибериў мәселеси қандай шешилиўи нәзерде тутылмаған. Сонлықтан әмелдеги нызамлықта тек ғана «парламент сораўы» түсиниги бар. Парламент сораўын жибериў мәселесин додалаў ҳәм сораў жибериўди қабыл етиў, ямаса қайтарыў тәртиби кең жаратылып, анық белгилеп қойылыўы мақсетке муўапық болар еди. Депутаттың парламент сораўын жибериў тәртиби, депутатлар хызмети сапалығын асырыў мақсетинде, депутатлар

этикасы, әдеп-икрамлық қағыйдаларын тәртипке салыўшы норматив ҳуқықый ҳүжжет ислеп шығыў лазым.

Депутат нызамшылық бойынша жетерли маглыўматқа ийе болыўы, билдирилген пикирди анық, барлық қатнасыўшыларға түсинерли жағдайда жеткизе алыўы керек. Сол себепли мәмлекетимиз парламенти жаңа сайланған депутатлардың (олар түрли тараў ўәкиллери болғанлығын есапқа алған ҳалда) нызам орынланыўы ҳәм нызамшылық техникасын үйрениў бойынша қәнигелигин асырыўларын шөлкемлестириў мақсетке муўапық.

Жоқарғы Кеңес тәрепинен хабарнамаларда, нызам ҳүжжетлери топламларында да, улыўма ғалаба хабар қуралларында жәрияланған нызамлар бойынша, пуқаралардың пикирлерин үйрениў мақсетинде (Интернеттен пайдаланған ҳалда) телефон ҳәм ҳүжжетли мағлыўматластырылған парламент системасы арқалы байланыс шөлкемлестириў мақсетке муўапық.

# III-БАП. ХАЛЫҚ ДЕПУТАТЛАРЫ ЖЕРГИЛИКЛИ КЕҢЕСЛЕРИН ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎ ТӘРТИБИ ҲӘМ ХЫЗМЕТИНИҢ ҲУҚЫҚЫЙ ТИЙКАРЛАРЫ.

## 3.1.Халық депутатлары жергиликли кеңеслерин шөлкемлестириў тәртиби, қурамы, жумыс формасы.

Жергиликли ўәкилликли уйымларының конституциялық-ҳуқықый дәрежеси Өзбекстан Республикасы Конституциясының XXI-бабында көрсетилип өтилген. Оған көре ўәлаятлар, районлар ҳәм қалаларда (районларға бойсынатуғын қалалардан, соның менен бирге қала қурамына кириўши районлардан тысқары) ҳәкимлер басшылық қылатуғын халық депутатлары Кеңеслери ҳәкимияттың ўәкиллик уйымлары болып, олар мәмлекет ҳәм пуқаралардың мәплерин көзлеп өз ўәкилликлерине тән болған мәселелерди шешеди.

Жергиликли ўәкилликли уйымлары Өзбекстан Республикасының нызамларын, Өзбекстан Республикасы Президентиниң пәрманларын, мәмлекет ҳәкимияты жоқары уйымларының қарарларын әмелге асырады, республика ҳәм жергиликли әҳмийетке ийе мәселелерди шешиўде қатнасады.

Жоқары уйымлардың өзлерине берилген ўәкиллиги көлеминде қабыл етилген қарарлары төменги уйымлар орынлаўы ушын мәжбүрий есапланады. Халық депутатлары Кеңеслериниң ўәкиллик мүддети – 5 жыл етип белгиленген. Жергиликли ўәкилликли уйымлары искерлигине бағышланған конституциялық нормаларды анализ етиў соны көрсетти, усы нормаларда жергиликли ўәкиллик уйымларының атқарыў уйымларына (анықырағы ҳәкимлерге) бойсыныўы ҳуқықый жақтан беккемленип қойылған.

Айырым сырт ел дереклеринде ҳәкимияттың конституциялық бөлиниўи принципи көп ҳәкимиятшылық жағдайына алып келиўи, мәмлекет ҳәкимияты тәсирин әззилетиўи мүмкин, деген пикирлерди де

ушыратыў мүмкин. Себеби Өзбекстанда мәмлекет ҳәкимиятының бирден-бир дереги, Конституцияның 7-статьясына муўапық, халық болып есапланады. Ҳеш бир мәмлекет уйымы ҳәкимиятты толық суверен (ғәрезсиз) ҳалда әмелге асырмайды ҳәм буған умтылмайды да. Мәмлекет ҳәкимияты тийисли уйымлар ортасында бөлинбейди, оны нызам шығарыўшы, атқарыўшы ҳәм суд ҳәкимияты уйымлары конституция берген ўәкилликлер шеңберинде әмелге асырады. Олар тек Конституцияда белгиленген ўәкилликлерин әмелге асырыўда ғана ғәрезсиз есапланады.

Өзбекстан Республикасының Конституциясының (102-103-статьяларында) ўәкиллик ҳәм атқарыўшы ҳәкимияты уйымлары искерлиги белгилеп қойылған. Демек, ҳәкимияттың конституциялық бөлиниўи принципиниң әмел етиўин көрсетиўши өз-ара қадағалаў, есап бериў, бир-бирин тыйып турыў қағыйдасы жергиликли басқарыў системасында да зәрүр. Кери жағдайда ўәкиллик ҳәм атқарыўшы ҳәкимияты ортасындағы теңлик бузылады, теңсизлик пайда болады[1].

Белгили болғанындай, жергиликли ўәкилликли уйымларының искерлигин тәртипке салыўда тийкарғы ҳуқықый дерек бул Өзбекстан Республикасының 1993-жылы 2-сентябрде қабыл етилген «Жергиликли мәмлекет ҳәкимияты ҳаққында»ғы нызамы есапланады. Усы нызамда жергиликли ўәкиллик уйымлары искерлигиниң тийкарғы бағдарлары, олардың жумыс тәртиби, ўәкилликлери ҳуқықый тәрептен белгилеп қойылған. 1994-жыл 5-майда “Халық депутатлары ўәлаят, район ҳәм қала Кеңеслерине сайлаў ҳаққында”ғы нызамлар қабыл етилди[2]. Мине усындай нызамлар 1998-жыл 29-январь күни №330/1 қабыл етилген «Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары ҳаққында»ғы Қарақалпақстан Республикасы нызамына 1999-жыл 28-август, 2005-жыл 29-август, 2006-

---

[1]Бобобеков.А ва бошқалар. Ўзбекистонда ҳокимиятнинг бўлиниш тамойилининг амалга оширилиши.Т-Академия. 11-бет

[2] Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси фаолиятини тартибга солувчи қонун ҳужжатлари тўплами. – Т.: 2007. - 47-54, 56-70 бетлер

жылы 29-август, 2006-жылы 27-декабрде ҳәм 2008-жылы 12-ноябрде өзгерислер ҳәм қосымшалар киргизилди[1].

Жергиликли ўәкилликли уйымларына болатуғын сайлаўлар Қарақалпақстан Республикасының «Халық депутатлары район ҳәм қала Кеңеслерине сайлаў ҳаққында»ғы нызамы тийкарында өткизиледи. Оған көре Халық депутатлары район ҳәм қала Кеңеслерине сайлаў аймақлық бир мандатлы сайлаў округлары бойынша көп партиялық тийкарында бес жыл мүддетке өткизиледи. Халық депутатлары районлық ҳәм қалалық Кеңеслери депутатлары улыўма, тең ҳәм туўрыдан-туўры сайлаў ҳуқықы тийкарында жасырын даўыс бериў жолы менен сайланады.

Халық депутатлары районлық ҳәм қалалық Кеңеслерине депутатлар сайлаўы улыўма болып табылады. Өзбекстан Республикасының сайлаў күнине шекем 18 жасқа толған пуқаралары сайлаў ҳуқықына ийе. Сайлаў күнине шекем 21 жасқа толған Өзбекстан пуқаралары сайланыў ҳуқықына ийе болып табылады. Суд тәрепинен ҳәрекетке жарамсыз деп табылған пуқаралар, соның менен бирге суд ҳүкими менен азатлықтан айырыў орынларында сақланып атырған шахслар сайланыўы мүмкин емес ҳәм сайлаўда қатнаспайды. Өзбекстан Республикасы пуқарасы бир ўақыттың өзинде ҳәкимияттың екеўден артық ўәкиллик уйымының депутаты болыўы мүмкин емес. Ҳәр бир пуқара – сайлаўшы бир даўысқа ийе.

Сайлаў комиссиялары пуқараларды өз ислеринен, сайлаў округлери, участкалары дүзилгенлиги, сайлаў комиссияларының қурамы, олардың жайласқан мәнзили ҳәм жумыс ўақтынан хабардар етеди, сайлаўшылардың дизимлери, сайлаўда қатнасып атырған сиясий партиялардың дизими менен таныстырады, депутатлыққа талабанлар ҳаққындағы мағлыўматлар, даўыс бериў ҳәм сайлаў жуўмақларынан хабардар етеди.

---

[1] Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң «Хабарнамасы», №7, 2008-жыл, 61-б.

Жергиликли ўәкилликли уйымларына болатуғын депутатлар сайлаўын өткизиў ушын:

- халық депутатлары ўәлаят ҳәм Ташкен қаласы Кеңеслерине депутатлар сайлаўда – 60 тан көп болмаған;

- халық депутатлары ўәлаят ҳәм қала Кеңеслерине депутатлар сайлаўда – 30 дан көп болмаған аймақлық сайлаў округы дүзиледи.

Ҳәр бир сайлаў округинен тийисли халық депутатлары Кеңесине бир депутат сайланады.

Халық депутатлары районлық ҳәм қалалық Кеңеслерине сайлаў өткизиўши сайлаў округлары саны халықтың, сайлаўшылардың санын, аймақты ҳәм басқа жергиликли шараятларды есапқа алған ҳалда Халық депутатлары ўәлаят, район ҳәм қала кеңеслерине сайлаў ҳаққындағы Өзбекстан Республикасы нызамында белгиленген нормалар шеңберинде тийисли халық депутатлары Кеңеси тәрепинен белгиленеди.

Сайлаў округлери тийисли ўәлаят, район, қала сайлаў комиссиялары тәрепинен, қағыйда ретинде, сайлаўшылар саны тең ҳалда дүзиледи. Сайлаў округлериниң шегаралары ўәлаятлар, районлар ҳәм қалалардың ҳәкимшилик-аймақлық дүзилисин есапқа алған ҳалда белгиленеди. Тийисли районлық, қалалық сайлаў комиссиясы сайлаў округлери дизимин олардың шегаралары ҳәм сайлаўшылар санын көрсеткен ҳалда сайлаў тайынланғанынан кейин узағы менен он бес күн ишинде дағазаланады.

Халық депутатлары Кеңеслерине сайлаўда талабан көрсетиў ҳуқықы – сиясий партиялар тәрепинен ҳәм пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары тәрепинен әмелге асырылады.

Халық депутатлары жергиликли Кеңеслерине сайлаў, олардың ўәкиллик мүддети тамамланатуғын жылы – декабрь айының үшинши он күнлигиниң биринши екшебисинде өткизиледи. Сайлаўшылар дизимине киритилген сайлаўшылардың кеминде 33 % даўыс бериўде қатнасса,

сайлаў ҳақыйқый болып есапланады. Ал даўыс бериўде қатнасқанлардың жартысынан көбисиниң даўысын алған талабан сайланған болады.

Халық депутатлары ўәлаятлық, районлық, қалалық Кеңесиниң тийкарғы жумыс формасы сессия болып табылады. Халық депутатлары ўәлаятлық, районлық, қалалық Кеңесиниң сессиялары тийисли ҳәким, ҳәким жоқлығында болса, орынбасарларынан бири тәрепинен зәрүрлигине қарап, бирақ жылына keминде еки мәрте шақырылады. Сессия, соның менен бирге халық депутатлары тийисли Кеңеси депутатлары кеминде үштен еки бөлиминиң басламасына муўапық та шақырылыўы мүмкин.

Кеңес сессиясын шақырыў ҳаққындағы қарардан депутатлар сессия ашылыўынан кеминде жети күн алдын хабардар етиледи. Жаңадан сайланған халық депутатлары районлық, қалалық Кеңесиниң биринши сессиясы ҳәким тәрепинен сайлаўдан кейин узағы менен үш ҳәптелик мүддет ишинде шақырылады ҳәм жасы үлкен (кексе) депутатлардан бири тәрепинен ашылады.

Халық депутатлары Кеңесиниң сессиясы, егер онда жәми депутатлардың кеминде үштен еки бөлеги қатнасса, ўәкилликли есапланады. Халық депутатлары район, қала Кеңеси сессиясында қаралып атырған мәселелер бойынша ашық ямаса жасырын даўыс бериў арқалы, депутатлар улыўма санының көпшилик даўысы менен қарар қабыл етиледи.

Халық депутатлары район, қала Кеңесиниң сессияларын шақырыў ҳәм өткизиў, сессия орталығына мәселелер киритиў ҳәм оларды қарап шығыў, халық депутатлары Кеңеси уйымларын шөлкемлестириў ҳәм сайлаў, олардың искерлигине тән есабатларды тыңлаў, депутатлар сораўларын, қарар жойбарларын қарап шығыў, даўыс бериў, қарарларды дағазалаў, сессияға мирәт етилетуғын шахслар санын анықлаў тәртиби, соның менен бирге депутатлардың жуўапкершилиги ҳәм сессия жумысын

шөлкемлестириўге байланыслы басқа мәселелер халық депутатлары Кеңесиниң жумыс тәртибине муўапық белгиленеди.

Сессия қаралыўына киритилген мәселелерди дәслепки тәризде қарап шығыў ҳәм таярлаў, халық депутатлары Кеңеси карарларын ҳәм Республикасының нызам ҳүжжетлерин әмелге асырыў ушын көмеклесиў, ўәкилликлери көлеминде қадағалаў орнатыў мақсетинде халық депутатлары Кеңеси өз ўәкиллиги мүддетине турақлы ҳәм ўақтыншалық комиссиялар дүзиледи. Комиссиялар ҳаққындағы Нызам тийисли халық депутатлары Кеңеси тәрепинен тастыйықланады.

Ҳүрметли Президентимиз атап өткениндей, «Бизлер алдымызға қойған мақсетти әпиўайы етип көрсетпекши болсақ – ҳәр қандай ҳәкимият, ол нызамшылық ямаса атқарыў ҳәм суд ҳәкимияты болады ма – булардың барлығы төмендеги талапларға жуўап бериўи шәрт. Яғный ҳәр қайсысы өз ўазыйпасын аңлаўы, өз жуўапкершилигин сезе билиўи, өз жүгин өзи көтериўи ҳәм керек болса, өз арбасын бийғәрез түрде тартыўы керек»[1].

2010-жыл 12-ноябрде Өзбекистан Республикасы Президенти Олий Мажлистиң қоспа мәжилисинде «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды жәнеде тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы» атамасындағы баянаты менен шығып сөйледи. Бул концепцияның әхмийети жүдә үлкен болмақта. Концепцияға муўапық ислеп шығылған «Өзбекистан Республикасы Конституциясының айрым статьяларына өзгерис киргизиў ҳаққында (32, 78, 93, 98, 103 ҳәм 117 статьяларына)»ғы нызамының қабыл етилгени мәмлекетлик ҳәкимият системасын буннан былайда демократияластырыў бағдарындағы жаңа басқышқа алып шығыўда әхмийетли қәдем болды. Өзбекистан Республикасы Конституциясының 103-статьясының 2-бәнти төмендеги сөзлер менен толтырылды: «Ўәлаят, район ҳәм қала ҳәкими тийисли халық

[1] Каримов И.А. Эл-юртга ҳалол, ҳўжданы менен хызмет етиў – ҳәр бир басшының муқаддес миннети. «Халқ сўзи», 2004 йил 26-май

депутатлары Кеңесине ўәлаят, район, қала социаллық-экономикалық раўажланыўдың ең зәрүр ҳәм актуаль мәселелер бойынша есабатлар усынады, олар бойынша халық депутатлары Кеңеси тәрепинен тийисли қарарлар қабыл етеди»[1]. Мине усындай норма Қарақалпақстан Республикасы Конституциясының 96-статьясының екинши пункти « район ҳәм қала ҳәкими тийисли халық депутатлары Кеңесине, район, қала социаллық-экономикалық раўажланыўдың ең зәрүр ҳәм актуаль мәселелер бойынша есабатлар усынады, олар бойынша халық депутатлары Кеңеси тәрепинен тийисли қарарлар қабыл етеди[2] деп усындай норма менен толтырылды. Бул киргизилген қосымшалар жергиликли ўәкиллик уйымларының нызамда белгиленген ўәкилликлерин толық түрде әмелге асырыў, ҳәкимлердиң оларға есабат бериў принципин әмелий турмыста әмелге асырады.

## 3.2.Халық депутатлари Кеңеслери депутатларының ҳуқықый статусы.

Депутаттың ҳуқықый статусы оның ўазыйпалары, ҳуқықлары ҳәм миннетлери, жәнеде олар искерлигиниң кепилликлери системасы жыйындысын белгилейди. Депутаттың ҳуқықый статусы 2004-жыл 2 декабрдеги "Халық депутатлары ўәлаят, район ҳәм қала Кеңеси депутатының ҳуқықый статусы ҳаққында"[3]ғы нызам менен тәртиплестириледи.

Депутат - бул тийисли тәртипте сайланып, ўәкилликли сайлаў комиссиясы тәрепинен дизимге алынған Өзбекистан Республикасы пуқарасы. Жергиликли Кеңес депутатлары өз жумысын жәмәәтлик тийкарда атқарады. Қарақалпақстан Республикасы халық депутатлары

---

[1] Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси. Т.: "Ўзбекистон", 2014-йил,
[2] Қарақалпақстан Республикасының Конституциясы. Н.:, "Қарақалпақстан", 2014-жыл, 73-Б.
[3] Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси фаолиятини тартибга солувчи қогун ҳужжатлари тўплами. –Т.: 2007. – 224-228-бетлар.

Кеңеслери системасы район ҳәм қала Кеңеслеринен ибарат болғанлығы себепли, депутатларда тийисли район ҳәм қала Кеңеслери депутатлары болады.

Депутатлар, жергиликли Кеңеслердиң ўәкиллик мүддетине, яғный бес жылға сайланады. Бирақ олардың ўәкилликлери мүддетинен алдында тамамланыўы мүмкин. Қарақалпақстан Республикасы “Халық депутатлары район ҳәм қала Кеңеси депутатының ҳуқықый статусы ҳаққында”ғы нызамның 3-статьясына муўапық төмендеги жағдайларда олардың ўәкиллик мүддети тамамланыўы мүмкин[1]:

-өз арзасына муўапық;

-депутатлыққа мүнәсип емес лаўазымына сайланған яки тайынланған болса;

-оған қарата судтың нызамлы күшине кирген айыплаў ҳүкими болса;

-депутат шақырып алынса;

-депутатты суд қатнасық уқыплығына ийе емес деп тапса;

-судтың нызамлы күшине кирген қарарына муўапық, белгисиз жоғалған деп табылса;

Өзбекистан Республикасы пуқаралығын жоғалтса;

-қайтыс болса;

-Кеңес мүддетинен алдын тарқатылып жиберилсе.

Халық депутатлары район ҳәм қала Кеңеси депутатының статусы ҳаққындағы нызамда депутаттың ҳуқықлары белгиленген. Оған муўапық депутат:

ол Кеңестиң барлық турақлы, ўақтынша комиссиялар қурамына сайланыўға;

сессияда көрип шығылыўы ушын мәселелер бойынша усыныс бериўге;

---

[1] «Халық депутатлары районлық, қалалық кеңеси депутатының статусы ҳаққында»ғы Қарақалпақстан Республикасы нызамы. 2005-жыл, 14-май.

күн тәртиби, додаланып атырған мәселелерди көрип шығыў тәртиби және бул мәселелердиң мәниси бойынша усыныслар киритиў ҳәм өз пикирлерин билдириўге;

Кеңес тәрепинен сайланатуғын, тайынланатуғын яки тастыйықланатуғын лаўазымлы шахслардың талабанлары бойынша өз пикирлерин билдириўге;

Кеңестиң жыйналысында додалаўларда қатнасыўға, баянатшы ҳәм басқарып барыўшыға сораўлар бериўге;

депутат сораўы менен муражаат етиўге;

өз усынысларын тийкарлап бериў ушын сөзге шығыўға ҳәм даўыс бериў себеплери бойынша түсиндириўге;

Кеңестиң жыйналыста басқарыўшыға додаланып атырған мәселе бойынша өз пикирин, усынысын яки пикириниң текстин тапсырыўға;

Кеңес қурамындағы өзи ағза болған уйымның қарарына қосылмаған жағдайда өзиниң пикирин Кеңестиң жыйналысында баян етиўге яки бул ҳаққында усы халық депутатлар Кеңеси басшысына жазба түрде мәлим етиўге;

Кеңеске есабат береди яки оның қадағалаўы астындағы ҳәр қандай уйым яки лаўазымлы шахстың есабаты яки мәлимлемени Кеңестиң жыйналысларында еситиў ҳаққындағы усыныс киритиўге;

нызамлардың орынланыўы, сондай-ақ Кеңес қарарларының орынланыўын тексериўин көрип шығыў ҳаққындағы мәселелер бойынша усыныс бериўге;

Кеңес мәжлислериниң стенограммалары менен танысыўға;

сайлаўшылар менен, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымы, сиясий партия шөлкеми менен ушрасыўлар өткериўге;

пуқаралардың ҳуқықлары ҳәм нызам менен қорғалатуғын мәплерин бузыў жағдайлары яки нызам ҳүжжетлерин бузыўдың басқа жағдайлары

мәлим болса оларға тез шек қойыў шараларын көриў талабы менен тийисли уйымлар және лаўазымлы шахсларға муражаат етиўге ҳақлы.

Депутат хуқықлары менен бир қатарда миннетлемелерге де ийе. Яғный, депутат тийисли халық депутатлары Кеңесиниң мәжлислеринде және усы Кеңес тәрепинен дүзилген қайсы комиссия қурамына сайланған болса, сол комиссияның жыйналысларында қатнасыў, даўыс бериўде тийисли Кеңестиң регламентинде белгиленген тәрипте жеке өзи қатнасыўы шәрт.

Депутаттың тийисли Кеңестиң жәненде қайсы комиссия қурамында болса, сол комиссияның жыйналысында қатнасыў имканияты болмаған жағдайда, бул ҳаққында сол Кеңес яки комиссия баслығына алдыннан хабардар етиўи шәрт.

Халық депутатлары Кеңесиниң депутаты өз округындағы сайлаўшылар менен, оны депутатлыққа талабан етип көрсеткен сиясий партия ҳәм пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары менен турақлы түрде байланыста болады, тийисли Кеңесте олардың мәплерин билдиреди. Депутат белгиленген күнлерде пуқараларды қабыл етеди. Сайлаўшылардан түскен муражаатларды нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте көрип шығады, оларды шешиў ис-илажларын көреди. Депутат ўақты-ўақты менен, бирақ жылына кеминде еки мәрте сайлаўшыларға өзиниң искерлиги ҳаққында хабардар етеди. Сайлаўшылар исенимин ақлай алмаған депутат нызамда белгиленген тәртипте шақырып алыныўы мүмкин.

Жергиликли Кеңеске есабат берип турыўшы уйымлар хызметиниң қадағалаў формаларынан бири депутат сораўы болып Қарақалпақстан Республикасы «Халық депутатлары район, қала Кеңес депутатының ҳуқықый статусы ҳаққында»ғы нызамның 8-статьясы депутат сораўына арналған. Оған муўапық: «Депутат тийисли аймақта жайласқан мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў уйымларының лаўазымлы шахсларға олардың ўәкилликлерине киретуғын мәселелер бойынша тийкарланған

түсиндириў бериў яки өз пикирлерин билдириў, ямаса баян етиў талабы менен депутат сораўын жибериўге ҳақлы. Мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў уйымларының лаўазымлы шахслары депутат сораўына жуўапты депутатқа усы сораў алынған күннен баслап он күннен кешиктирмей жибериледи.

Судлардың баслықларына, прокурорларға, сорастырыў ҳәм тергеў уйымларының басшыларына жиберилген депутат сораўы олардың ис жүргизиўдеги усы ислер ҳәм материалларға байланыслы болыўы мүмкин емес. Депутат талапнамасы бойынша тийисли халық депутатлары кеңесиниң мәжлисинде додаланыўы мүмкин»[1]. Жоқарыдағыларға тийкарланып соны айтыўымыз мүмкин депутат талабы менен мүрәжаат етиў – депутаттың ең зәрүр болған ҳуқықларынан бири. Депутат талабының мақсети ҳәкимлер, олардың басқармалары ҳәм бөлимлери хызметиндеги, жергиликли Кеңес аймағында жайласқан кәрханалар, мекемелер ҳәм шөлкемлер басшылары хызметиндеги кемшиликлерди сапластырыўдан ибарат.

Депутат талабы айрым депутат тәрепинен де берилиўи мүмкин. Талап күн тәртиби менен байланыслы болыўы шәрт емес. Депутат талабы күн тәртибинде болмаған мәселе бойынша да жергиликли Кеңес ҳәм тийисли уйымлар дыққатына тартыў керек болған мәселелер бойынша берилиўи мүмкин. Талап жергиликли Кеңес ўәкилликлерине тийисли болған қәлеген мәселе бойынша болыўы мүмкин. Депутаттың талаплары бойынша мәлимлемелер жергиликли Кеңестиң мәжлисинде додаланыўы мүмкин, додаланыў нәтийжеси бойынша Кеңес тийисли қарар қабыл етеди.

Депутаттың сессиядағы хызмети оның жергиликли Кеңес уйымына сайлаў ҳәм сайланыў ҳуқықын әмелге асырыў, мәселелерди додалаў, және

[1] «Халық депутатлары районлық, қалалық кеңеси депутатының статусы ҳаққында»ғы Қарақалпақстан Республикасы нызамы. 2005-жыл, 14-май.

де қарарлар қабыл етиўде, қатнасыў, талаптың бериўи ҳәм тағы басқалар менен шекленип қалмайды. Сессияларда депутатлардың өзиниң депутатлық ўазыйпаларын, жергиликли Кеңес ҳәм оның уйымлары қарарлары ҳәмде тапсырықларды қандай орынлап атырғанлығы ҳаққындағы мәлимлемелерди еситиў олардың жуўапкершилигин асырыўға, депутатлардың жергиликли Кеңеслер ҳәм олардың уйымлары менен өз-ара қатнасықлары формаларын шөлкемлестириўге жәрдем береди. Депутатлар сессияларда өзиниң жумыслары ҳаққында есабат бериў менен шекленип қалмай, аймақты социаллық-экономикалық саланы раўажландырыў, халықтың турмыс дәрежесин жақсылаўда мәселелерди көтериў, бул тараўда ўазыйпаларды орынлаў, машқалаларды шешиў жолларын көрсетиўлери, ҳәкимниң, оның басқарма ҳәм бөлимлериниң халық хожалықларының түрли тараўларындағы жумысларында кемшиликлерге дурыс баҳа бериўи керек.

Депутатлардың барлығына сессияда сөзге шығыўға имканият болмайды. Мине сол себепли депутаттың «Халық депутатлары, район, қала Кеңеси депутатының статусы ҳаққында»ғы нызамында нәзерде тутылған ҳуқықы – додаланып атырған мәселе бойынша өз усынысларын ҳәм пикирлерин сессияда басшылық етиўшиге жазба рәўиште тапсырыў ҳуқықы зәрүр әҳмийетке ийе.

Депутатлардың жазба усыныслары ҳәм пикирлери сессия баяннамасына қосып қойылыўы, ҳәкимлер болса оларды әмелге асырыў шарасын көриўи керек. Нәтийжеде депутатлардың сессия ислеринде жәнеде белсене қатнасыўына ерисиледи. Тийисли ҳәкимлер депутаты зәрүр ҳүжжетлер менен, мәлимлеме ҳәм мағлыўмат материаллары менен тәмийнлейди.

Мине усы жоқардағылардан көринип турыпты, жергиликли мәмлекетлик ҳәкимияттың ҳәкимлер басшылғындағы халық депутатлары кеңеслериниң тийкарғы ўазыйпасы, тийисли аймақлардағы жәмийетлик

бирлеспелер, кәрхана, шөлкем, мекеме ҳәм мәмлекетлик уйымлар хызметинде өз-ара ҳуқықый қатнасықларды муўапықластырып, социаллық-экономикалық тараўларды раўажландырыў мәселелерин шешиўде ис-илажларды көреди.

Улыўмаластырып айтқанда жергиликли мәмлекетлик ҳәкимияттың ҳәкимлер басшылық ететуғын халық депутатлары Кеңеслери Конституция ҳәм нызамлар тийкарында, ҳуқықый демократиялық мәмлекетти ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў принциплерине муўапық шөлкемлестирилген ҳәм хызмет көрсетиўин тәмийнлейтуғын уйымлар болып табылады.

Жергиликли ўәкиллик уйымлары депутатларының искерлигин анализлеў нәтийжесинде төмендеги усынысларды беремиз:

Халық депутатлары район ҳәм қала Кеңеслери депутатлары ның ҳуқықый статусы ҳаққындағы нызамның 7-статьясыда белгиленген норманы «депутат ўақты ўақты менен, лекин жылына кеминде үш мәрте өз округ сайлаўшылары менен ушрасады ҳәм жылына бир мәрте оларға есабат береди" деп өзгертисе мақсетке муўапык болады.

Жергиликли Кеңеслерге сайланған депутатлардың кәсиплик искерлигин жетилистириў мақсетинде олар депутат сыпатында дизимге алынғаннан кейин Кеңес жумысларына кириспестен бурын депутатлар ушын бир айлық оқыў курсы шөлкемлестирилсе, бул депутатлардың кейинги искерлигинде өз функцияларын жетерли дәрежеде өзлестирген болар еди.

Халық депутатларының район ҳәм қала Кеңеслери сессияларында депутатларға жақыннан жәрдем бериўи мүмкин болған бир қатар жәмийетлик шөлкемлер қатнасыўын ҳәм қарар қабыл етиўде өз пикирлерин билдириў ҳуқықы нызам менен тәмийинлениўин усыныс етемиз. Бул жәмийетлик шөлкемлер қатарына пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары, "Камолот" жаслар жәмийетлик ҳәрекетиниң район

ҳәм қала жетекшилери, ҳаял-қызлар комитети жетекшилери ҳәм тағы басқалар.

Лаўазымлы шахслардың нызамларға әмел қылыўы үстинен қадағалаў исинде депутат сораўынан жәнеде кеңирек пайдаланыў керек. Сессиялардағы депутат сораўлары ҳәм оған жуўаплар басып шығарылып, әпиўайы пуқараларға жеткизилиўи керек.

Нызамлардың орынланыўын қадағалаўда тийисли лаўазымлы шахслардың есабатларын үйренип ғана қалмастан, қандайда бир нызамның орынланыўы жүзесинен, бул тараўдағы машқалалар ҳаққында халық арасында сораўлар өткизиў мақсетке муўапық болар еди.

Жергиликли ўәкилликли уйымлары искерлигиндеги реформалардың баслы бағдары олардың искерлигинде ҳәкимиятлар бөлиниўи принципин жүзеге шығарыў болыўы лазым. Себеби, ҳәкимияттың конституциялық тийкарда бөлиниўи нәтийжесинде турмыстың өзи күн тәртибине қойып атырған ўазыйпаларды әмелге асырыў имканиятын бериўши ўәкилликлер анық болыўы, буны тийисли ҳәкимият дүзилмелери басшылары терең аңлаўы, жуўапкершилигин сезиўи керек. Сонда ғана ҳәкимияттың конституциялық тийкарда бөлиниўи күтилген нәтийже бериўи, мәмлекет раўажланыўына унамлы тәсир етиўи, ҳуқықый демократиялық мәмлекет, күшли әдил пуқаралык жәмийет қурыў белгисине айланыўы мүмкин.

# ЖУЎМАҚ

Парламент шөлкемлестириўшилик тәрепинен кең тармақлы болғанлығы себепли мәмлекетлик ҳәкимият өз алдына айрықша орын тутады. Өзбекстан Республикасында парламентаризм тараўында бир қатар унамлы нәтийжелерге ерисилди ҳәм бундай нәтийжелер мәмлекетимиздиң сиясий-социаллық турмысында әҳмийетли роль ойнап келмекте.

Бирақ, депутат ҳәм сенаторлардың ҳуқықый статусын белгилеўши ҳуқықый ҳүжжетлерди толық деп болмайды. Көпшилик жағдайларда ҳәзирги күнге шекем олар хызметин тәртипке салыўшы айырым норматив ҳүжжетлер толық ислеп шығылмаған. Парламент тек ҳәкимият системасында емес, улыўма, мәмлекет ҳәм оның халқы тәғдиринде үлкен орын тутады. Парламенттиң қандай шөлкемлестирилгенине қарап, мәмлекетке баҳа бериў, оның қандай жол тутқанын анықлаў имканын береди. Парламент халық ҳәкимиятының исенимли ҳәм жарқын көриниси болып табылады.

Бул илимий изертлеў жумысында әмелге асырылған талқылаў нәтийжесинде ең әҳмийетли жуўмақ ҳәм төмендеги усынıслар көрсетилди:

«Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы депутаты ҳәм Сенаты ағзасының статусы ҳаққында»ғы Өзбекистан Республикасы Нызамына бир қанша өзгерис ҳәм қосымшалар киргизиўди усынамыз. Соннан усы нызамның $9^{1}$-статьясы үшинши пунктиндеги "жылына кеминде бир мәрте сайлаўшыларға өз искерлиги ҳаққында хабар береди" деген сөзлерди «жылына кеминде үш мәрте өз округы сайлаўшылары менен ушрасады ҳәм жылына бир мәрте оларға есабат береди" деген редакцияда баян етиў сайлаўшылар мәплерине жәнеде беккемленген түрде жуўап бериўге шараят жаратқан болар еди.

Сондай-ақ сенаторлардыңда сайлаўшылар менен ушрасыў тәртип принциплерин белгилеўши қосымша 9 «1»-статьясын усы нызамға

қосымша етип киргизиўди усынамыз, оның мазмуны төмендегише;

"Сенат ағзасы (сенатор) өзи сайлаған аймақ сайлаўшылары менен байланыста болып турады. Сенатта өз аймағы мәплерин билдиреди. Сенат ағзасы (сенатор) сайлаўшылардан түскен муражаатларды нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте көрип шығады, оларды шешиў бойынша ис-илажларды көреди, пуқараларды қабыл етеди.

«Сенат ағзасы (сенатор) ўақты-ўақты менен, бирақ жылына кеминде үш мәрте жергиликли Кеңеслердиң бири менен ушрасады ҳәм жылына бир мәрте оларға есабат береди» Нызамшылыққа бундай қосымшаны киргизиўдиң усыныс етиўден мақсет - Сенат ағзаларының аймақлық ўәкиллик уйымы кадрлары екенлигин есапқа алып, олардың халық пенен, өзи сенатор болып сайланған аймақтың жергиликли Кеңеслери менен бирге ислесиўди жәнеде беккем тәмийинлейди.

Сенатор ҳәм депутатларға жүкленген ўазыйпалар кеңлиги себепли жүдә үлкен ўәкилликлер берилген, бирақ сол орында олардың қол қатылмаслығы жетерли дәрежеде тәмийинленбеген, әсиресе, олардың мәжбүрий социаллық қамсызландырылыўы сыяқлы экономикалық кепилликлер белгилениўи мақсетке муўапық болып табылады.

Депутатлардың материаллық тәмийнаты муғдарын белгилеўди тек ғана Нызамшылық палатасы депутатының өзи белгилеўди әмелге киргизиў тийис. Бул мақсетте болса, депутатлар хызметиниң социаллық-экономикалық кепилликлерин тәмийинлеўши жаңа норматив ҳүжжет қабыл етиў тийис.

Өзбекистан Республикасындағы барлық буўынлардағы ўәкиллик уйымлардың өз-ара қатнасықларын тәмийинлеўди тәртипке салыў мақсетинде Олий Мажлис Нызамшылық палатасы тәрепинен «Өзбекистан Республикасы ўәкиллик уйымларының өз-ара қатнасықлары ҳаққында»ғы жаңа нызамын қабыл етиўди усыныс етемиз.

Өзбекстан Республикасы Конституциясының нормаларына киргизилген соңғы өзгерислер ҳәм қосымшаларға муўапық исенимсизлик вотумы нормасы енгизилди. Усыннан келип шығып, Қарақалпақстан Республикасы Конституциясынада өзгерислер ҳәм қосымшалар киргизилип, Жоқарғы Кеңестиң депутатларының ўәкилликлерине де Қарақалпақстан Республикасының ҳүкиметине исенимсизлик вотумы жәрия етиў киргизилсе мақсетке муўапық болар еди.

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси депутатлары тәрепинен белгили бир мәселелер бойынша даўыс бериў процессинде қолланылатуғын «бийтәреп» тәртибин бийкар етиў ҳәм де усы қағыйданы Карақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Регламентиниң ҳаққындағы Нызамда беккелеў лазым. Себеби парламентте хызмет көрсетип атырған депутаттың қабыл етип атырған нызамларға яки додаланып атырған мәселелерге қарата өзиниң анық қарарын билдириўи лазымлығы талап етиледи. Сондай-ақ депутатлар ҳәр бир тараў бойынша жетерли билимге ийе болған ҳалда мәлим бир мәселедеги өз пикирлерин анық түрде билдириўлери керек.

Қарақалпақстан Республикасы депутатларының өзиниң сайлаў округиндеги ушрасыўлары Қарақалпақстан Республикасынан сайланған сенат ағзалары, жергиликли Кеңеслер депутатлары мененн биргеликте әмелге асырыўлары, сайлаўшылар мененн болып өткен ҳәр бир ушрасыў ҳәм олардың нәтийжелерин өз ўақтында толық рәсмийлестириў ҳәм де олардың рәсмий есабатлары системасын жаратыў лазым. Қалаберсе, ушрасыўлар процессинде район, қала ҳәкимиятының ўәкили, тийисли мекемелер басшылары, соннан газ, электр энергия, жол қурлысы, ишимлик суўы мекемелериниң басшылары, және де басқа шөлкем басшыларының жыйналысларда,

қатнасыўлары ушрасыўлардың сапалығын асырыўға тәсирин көрсетеди.

Парламент сораўы бир топар депутатлар тәрепинен жиберилгенде парламент сораўын жибериў мәселеси қандай шешилиўи нәзерде тутылмаған. Сонлықтан әмелдеги нызамлықта тек ғана «парламент сораўы» түсиниги бар. Парламент сораўын жибериў мәселесин додалаў ҳәм сораў жибериўди қабыл етиў, ямаса қайтарыў тәртиби кең жаратылып, анық белгилеп қойылыўы мақсетке муўапық болар еди. Депутаттың парламент сораўын жибериў тәртиби, депутатлар хызмети сапалығын асырыў мақсетинде, депутатлар этикасы, әдеп-икрамлық қағыйдаларын тәртипке салыўшы норматив ҳуқықый ҳүжжет ислеп шығыў лазым.

Депутат нызамшылық бойынша жетерли маглыўматқа ийе болыўы, билдирилген пикирди анық, барлық қатнасыўшыларға түсинерли жағдайда жеткизе алыўы керек. Сол себепли мәмлекетимиз парламенти жаңа сайланған депутатлардың (олар түрли тараў ўәкиллери болғанлығын есапқа алған ҳалда) нызам орынланыўы ҳәм нызамшылық техникасын үйрениў бойынша қәнигелигин асырыўларын шөлкемлестириў мақсетке муўапық.

Жоқарғы Кеңес тәрепинен хабарнамаларда, нызам ҳүжжетлери топламларында да, улыўма ғалаба хабар қуралларында жәрияланған нызамлар бойынша, пуқаралардың пикирлерин үйрениў мақсетинде (Интернеттен пайдаланған ҳалда) телефон ҳәм ҳүжжетли мағлыўматластырылған парламент системасы арқалы байланыс шөлкемлестириў мақсетке муўапық.

# ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР ДИЗИМИ

## Басшы әдебиятлар:


1. Каримов И. А. Ўзбекистон: миллий истиқлол, иқтисод, сиёсат, мафкура. Т. 1. – Т.: Ўзбекистон, 1996. – 364 б.
2. Каримов И. А. Биздан озод ва обод Ватан қолсин. Т. 2. – Т.: Ўзбекистон, 1996. – 380 б.
3. Каримов И. А. Ватан саждагоҳ каби муқаддасдир. Т. 3. – Т.: Ўзбекистон, 1996. – 366 б.
4. Каримов И. А. Бунёдкорлик йўлидан. Т. 4. – Т.: Ўзбекистон, 1996. – 349 б.
5. Каримов И. Янгича фикрлаш ва ишлаш – давр талаби. Т. 5. – Т.: Ўзбекистон, 1997. – 384 б.
6. Каримов И. А. Хавфсизлик ва барқарор тараққиёт йўлида. Т. 6. – Т.: Ўзбекистон, 1998. – 429 б.
7. Каримов И.А. Биз келажагимизни ўз қўлимиз билан қурамиз. Т. 7. – Т.: “Ўзбекистон”, 1999. – 410 б.
8. Каримов И.А. Озод ва обод ватан, эркин ва фаровон ҳаёт – пировард мақсадимиз. Т. 8. – Т.: Ўзбекистон, 2000. – 528 б.
9. Каримов И.А. Ватан равнақи учун ҳар биримиз масъулмиз. Т. 9. – Т.: “Ўзбекистон”, 2001. – 432 б.
10. Каримов И. А. Хавфсизлик ва тинчлик учун курашмоқ керак. Т. 10. – Т.: “Ўзбекистон”, 2002. – 432 б.
11. Каримов И.А. Биз танлаган йўл-демократик тараққиёт ва маърифий дунё билан ҳамкорлик йўли. Т.11. - Т.: “Ўзбекистон”, 2003. – 320 б.
12. Каримов И.А. Тинчлик ва хавфсизлик ўз куч-қудратимизга, ҳамжиҳатлигимиз ва қатъий иродамизга боғлиқ. Т.12. -Т.: “Ўзбекистон”, 2004. – 400 б.
13. Каримов И.А. Ўзбек ҳалқи ҳеч қачон, ҳеч кимга қарам бўлмайди. Т.13.-Т.: “Ўзбекистон”, 2005. – 448 б.
14. Каримов И.А. Инсон, унинг ҳуқуқ ва эркинликлари - олий қадрият. Т.14.-Т.: “Ўзбекистон”, 2006. – 280 б.
15. Каримов. И.А. Жамиятимизни эркинлаштириш, ислоҳотларни чуқурлаштириш, маънавиятимизни юксалтириш ва ҳалқимизнинг ҳаёт даражасини ошириш – барча ишларимизнинг мезони ва мақсадидир. Т.15. –Тошкент.: “Ўзбекистон”, 2007. - 318 б.
16. Каримов. И.А. Мамлакатни модернизация қилиш ва иқтисодиётимизни барқарор ривожлантириш йўлида. Т.16.-Тошкент.: “Ўзбекистон”, 2007. -366 б.
17. Каримов. И.А. Ватанимизнинг босқичма - босқич ва барқарор ривожланишини таъминлаш - бизнинг олий мақсадимиз. -Т.17.-Т.: “Ўзбекистон”, 2009. -280 б.
18. Karimov I.A. Jahon inqirozining oqibatlarini yengish, mamlakatimizni

modernizatsiya qilish va taraqqiy topgan davlatlar darajasiga ko`tarish sari. – T.: “O`zbekiston”, 2010. – T.18. -264 b.

**19.** Каримов И.А. Демократиек ислоҳотларни янада чуқирлаштириш ва фуқаролик жамиятини шакллантириш – мамлакатимиз тараққиётининг асосий мезонидир. Т. 19. – Тошкент: Ўзбекистон, 2011. -348 б.

**20.** Каримов И.А. Бизнинг йўлимиз демократик ислоҳотларни чуқирлаштириш ва мадеринизация жараёнларини изчил давом эттириш йўлидир. Т. 20. – Тошкент: Ўзбекистон, 2012. -320 б.

**21.** Каримов И.А. 2012 йил 7 декабрдаги Ўзбекистон Республикаси Конституцияси қабул қилинганлигининг 20 йиллигига бағишланган тантанали маросимдаги “Инсон манфаати, ҳуқуқ ва эркинликларини таъминлаш, ҳаётимизнинг янада эркин ва обод бўлишига эришиш – бизнинг бош мақсадимиздир” деб номланган маъруза // “Халқ сўзи” газетаси. 2012 йил 8 декабрь.

**22.** Каримов И.А. “Бош мақсадимиз – кенг кўламли ислоҳотлар ва модернизация йўлини қатъият билан давом эттириш” номли 2012 йилда мамлакатимизни ижтимоий-иқтисодий ривожлантириш якунлари ҳамда 2013 йилга мўлжалланган иқтисодий дастурнинг энг муҳим устувор йўналишларига бағишланган Вазирлар Маҳкамасининг мажлисидаги маъруза. // “Халқ сўзи” газетаси. 2013 йил 19 январь.

**23.** Каримов И.А. Ўзбекистон мустақилликка эришиш остонасида. – Тошкент: Ўзбекистон, 2011. – 440 б.
Бизнинг йўлимиз – демократик ислоҳотларни чуқурлаштириш ва модернизация жараёнларини изчил давом эттириш йўлидир // – “Инсон ва қонун” газетаси. – 2011 йил 7 декабрь. – № 52-53.

**24.** Каримов И.А. Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик палатаси ва Сенатининг қўшма мажлисидаги маъруза. Т.: “Ўзбекистон”, 2015-йил, 39-Б.

**Норматив-ҳуқықый ҳүжжетлер:**

1. Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси. Тошкент: Ўзбекистон, 2014. – 40б.
2. Қарақалпақстан Республикасының Конституциясы. Н.: “Қарақалпақстан”, 2014-жыл, 39-б.
3. Ўзбекистон Республикаси “Ўзбекистон Республикаси Марказий сайлов комиссияси тўғрисида” ги қонуни// Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Ахборотномаси. 1998 й.- № 5-6.- 95-модда.
4. Ўзбекистон Республикаси “Референдум якунлари ҳамда давлат ҳокимияти ташкил этилишининг асосий принциплари тўғрисида”

Конституциявий қонуни// Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Ахборотномаси. 2002.- № 4-5.- 60-модда.

5. Ўзбекистон Республикаси “Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Сенати тўғрисида”ги Конституциявий қонуни// Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Ахборотномаси. 2002.- № 12.- 213-модда.
6. Ўзбекистон Республикаси “Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Қонунчилик палатаси тўғрисида”ги Конституциявий қонуни// Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Ахборотномаси. 2002.- № 12. -215-модда.
7. Ўзбекистон Республикаси “Ўзбекистон Республикаси Конституциясига ўзгартишлар ва қўшимчалар киритиш тўғрисида” ги қонуни// Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Ахборотномаси.2003.- № 3-4.- 27-модда.
8. Ўзбекистон Республикаси “Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисига сайлов тўғрисида” ги қонуни (янги таҳрирда)// Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Ахборотномаси. 2003.- № 9-10.- 132-модда.
9. “Халқ депутатлари вилоят, туман ва шаҳар кенгашларига сайлов тўғрисида”ги Ўзбекистон Республикаси Қонунига ўзгартишлар ва қўшимчалар киритиш ҳақида”ги Ўзбекистон Республикаси 29.08.2003 й. 520-ИИ-сон Қонуни // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлис Ахборотномаси 2003.- №9-10.- 134-модда
10. Ўзбекистон Республикаси “Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик палатасининг Регламенти тўғрисида”қонуни// Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Ахборотномаси. 2003 й.- № 9-10. -136-модда.
11. Ўзбекистон Республикаси “Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Сенатининг Регламенти тўғрисида” қонуни// Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Ахборотномаси. 2003.- № 9-10.- 137-модда.
12. Ўзбекистон Республикаси “Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамаси тўғрисида” ги қонуни (янги таҳрирда) // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Ахборотномаси. 2003.- № 9-10.- 138-модда.
13. Ўзбекистон Республикаси “Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Конунчилик палатаси депутатининг ва Сенати аъзосининг мақоми тўғрисида”ги қонуни // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Ахборотномаси. 2005.- №1.- 8 – модда.
14. Ўзбекистон Республикаси “Халқ депутатлари вилоят, туман ва шаҳар

Кенгаши депутатининг мақоми тўғрисида”ги қонуни // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Ахборотномаси. 2005. - №1.- 8 –модда.

15. Ўзбекистон Республикаси "Халқ депутатлари маҳаллий Кенгаши депутатини, Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Қонунчилик палатаси депутатини ва сенати аъзосини чақириб олиш тўғрисида"ги қонуни // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Ахборотномаси. 2005.- №1.- 12- модда.
16. Ўзбекистон Республикаси “Қонунлар лойиҳаларини тайёрлаш ва Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Қонунчилик палатасига киритиш тартиби тўғрисида”ги қонуни// Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами, 2006.- №41.- 406-модда.
17. Ўзбекистон Республикаси “Давлат бошқарувини янгилаш ва янада демократлаштириш, ҳамда мамлакатни модернизация қилишда сиёсий партияларнинг ролини кучайтириш тўғрисида”ги Конституциявий қонуни// Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами, 2007.- №15.- 151-модда.
18. «Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси ҳаққында» Қарақалпақстан Республикасының (жаңа редакцияда) нызамы. 1998-жыл, 29-январь. №322/1.
19. «Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси депутатының статусы ҳаққында» Қарақалпақстан Республикасының Нызамы. 14-май 2015-жыл.
20. Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң «Хабарнамасы», №7, 2008-жыл, 61-б.
21. «Халық депутатлары районлық, қалалық кеңеси депутатының статусы ҳаққында»ғы Карақалпақстан Республикасы нызамы. 2005-жыл, 14-май.
22. Сайлов тўғрисидаги қонун ҳужжатлари такомиллаштирилиши муносабати билан Ўзбекистон Республикасининг айрим қонунларига ўзгартириш ва қўшимчалар киритиш ҳақидаги” Ўзбекистон Республикаси Қонуни. Халқ сўзи. 2008 йил 27 декабрь
23. Ўзбекистон Республикаси “Ўзбекистон Республикаси Конституциясининг айрим моддаларига ўзгартиш ва қўшимчалар киритиш тўғрисида (78, 80, 93, 96 ва 98-моддаларига)” ги қонуни. Халқ сўзи, 2011йил, 18 апрель.
24. Сайлов эркинлиги янада таъминланиши ва сайлов қонунчилиги янада ривожлантирилиши муносабати билан “ Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисига сайлов тўғрисида”ги ҳамда “ Халқ депутатлари вилоят, туман ва шаҳар Кенгашларига сайлов тўғрисида”ги Ўзбекистон Республикаси қонунларига ўзгартиш ва қўшимчалар киритиш ҳақидаги Ўзбекистон Республикаси қонуни. 2012 йил, 19 декабрь.№ ЎРҚ – 340.
25. “Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик палатасининг

регламенти тўғрисида”ги Ўзбекистон Республикаси Қонунига ўзгартиш ва қўшимчалар киритиш ҳақидаги Ўзбекистон Республикаси қонуни.2013 йил 18 апрель.ЎРҚ -349.

### 3. Арнаўлы әдебиятлар:


1. Азизходжаев А.А. Проблемы правоохранительной деятельности местных Советов. - Т.: Узбекистан, 1990
2. Одилқориев Х.Т. Ўзбекистон Республикасида қонун чиқариш жараёни. -Т.:Ўзбекистон. 1995. - 208 б.
3. Адилкариев Х.Т. Законотворческий процесс в Республике Узбекистан: вопросы теории и практики- Т., 1995.
4. Жаҳон Конституциялари (Жаҳон давлатлари Конституциялари тўплами, 1–жилд). Тузувчилар: У.Тожихонов, А.Х.Саидов. Т. Ўзбекистон Республикаси ИИВ Академияси, 2001 й.
5. Хусанов О.Т. Ўзбекистон Республикасининг давлат ҳокимияти вакиллик ва ижроия ҳокимияти органлари, -Т., Университет, 1994.
6. Қаюмов Р.Қ. Ўзбекистон Республикасининг конституциявий ҳуқуқи. Дарслик. – Т.: ИИВ Академияси, 1997. – 400 б.
7. Таджихонов У. ва бошқалар. Ўзбекистон Республикасининг Конституциявий ҳуқуқи. Дарслик.Т.: Шарқ.- 532 б.
8. Ўзбекистон Республикасининг Конституциявий ҳуқуқи. Муаллифлар жамоаси. Дарслик.Т.: Молия.- 2002 645 б.
9. Ўзбекистон Республикасининг Конституциявий ҳуқуқи. Муаллифлар жамоаси. Дарслик.Т.: ТДЮИ.- 2005 545 б.
10. Хорижий мамлакатлар конституциявий (давлат) ҳуқуқи: Дарслик / Масъул муҳаррир: проф.А.А.Азизхўжаев. – Тошкент: ТДЮИ, 2010. – 576 б.
11. Стрекозов В.Г., Казанчев Ю.Д. Конституционное право России: Учебник. – М.: Новый юрист, 1997. – 288 с.
12. Баглай М.В. Конституционное право Российской Федерации. Учебник для юридических вузов и факультетов – М.: Издательская группа НОРМА – ИНФРА .М, 1998. – 752 с.
13. Исламов З.М. Общество, государство, право- Т.: «Адолат», 1997.
14. Ш.Х.Зулфиқоров. Парламент ҳуқуқи**:** Ўқув қўлланма –Т.: ТДЮИ нашриёти, 2009. –223 бет
15. Парламент ҳуқуқи. Муаллифлар жамоаси. Тошкент: ТДЮИ, 2006. – 302 б.
16. Ўзбекистон Республикасининг конституциясига шарҳ / А.А.Азизхўжаев таҳрир остида. Тошкент: ЎзР Адлия вазирлиги, ТДЮИ, 2008. – 496 б.
17. Беков И.Р. Парламент ҳуқуқи**:** Ўқув-услубий қўлланма –Т.: ТДЮИ

нашриёти, 2010. –273 бет

18. С.Д.Ниетуллаев. Қарақалпақстан Республикасының Конституциялық ҳуқықы. Н.: «Қарақалпақстан» , 2005, 114-б.

Қарақалпақстан Республикасы Конституциясына түсиндирме. Н.: “Билим”, 90-Б.

**Интернет сайтлары**

ʹwww.lex.uz
ʹwww.parliament.gov.uz
ʹwww.legislature.ru/parliam.html
ʹwww.senat.uz
ʹwww.media-online.ru
ʹwww.mnogo-info.ru
ʹwww.parlam.kz
ʹwww.portalus.ru/modules/internationallaw/rus_readme.php
ʹwww.respublica.elcat.kg/arc/2002/021022/5.htm
ʹwww.zakon.kz
ʹwww.parliament.uk